



**Medya,  
Sistèm Enfòmasyon  
ak Kominote:**

**Leson nou Aprann ann  
AYITI**



**KF** John S. and James L.  
**Knight Foundation**  
*Informed and engaged communities.*

**Medya,  
Sistèm Enfòmasyon  
ak Kominote:**

# **Leson nou Aprann ann**

# **AYITI**

Se Anne Nelson ak Ivan Sigal, ansanm ak Dean Zambrano

Rapò sa a te baze an pati sou enfòmasyon ki te rasanble nan yon diskisyon an tabwonn ki te fèt sou medya ak sou dilijans pou komunikasyon nan tranblemanntè ki fèt ann Ayiti a, nan Miami le 24 me 2010, epi se Communicating with Disaster Affected Communities (CDAC) [Kominikasyon ak Kominote Katastwòf Afekte] ki te òganize li ak sipò John S. and James L. Knight Foundation [Fondayson John S. ak James L. Knight]. Patispan nan tabwonn sa a se reprezantan òganizasyon sa yo:

Association des Journalistes Haïtiens [Asosyasyon Jounalis Ayisyen]  
Association des Medias Independants d'Haïti [Asosyasyon Medya Endepandan ann Ayiti]  
BBC World Service Trust  
International Media Support [Sipò Entènasyonal pou Medya]  
InSTEED  
Internews Network  
Irish Red Cross Society [Sosyete Lakwa Wouj Ilandèz]  
John S. and James L. Knight Foundation [Fondayson John S. ak James L. Knight]  
Katye pa Katye (yo rele li Quartier par Quartier, oswa "QpQ" tou)  
Microsoft  
United Nations Mission in Haiti (MINUSTAH) [Misyon Nasyonzini ann Ayiti]  
Reporters sans Frontières [Repòtè san Fontyè]  
Thomson Reuters Foundation [Fondasyon Thomson Reuters]  
United Nations Office for the Coordination of Humanitarian Affairs  
[Biwo Nasyonzini pou Kowòdinasyon Zafè Charitab]  
Ushahidi

<b>Rezime Eleman Prensipal yo</b>	<b>4</b>
<b>1 Entwodiksyon</b>	<b>5</b>
<b>2 Kontèks: Preparasyon pou Entèvansyon ann Ayiti a</b>	<b>8</b>
<b>3 Inisyativ Medya ak Patenarya</b>	<b>10</b>
<b>4 Inovasyon</b>	<b>15</b>
Pase kite done nan ekstènalizasyon ouvè pou rive nan enfòmasyon desizonèl	15
Itilizasyon difizyon mesaj SMS nan moman kriz	17
Potansyèl ak preyokipasyon nimewotasyon abreje a	18
Ekstènalizasyon ouvè kat reperaj pou aplikasyon imanitè	18
Entèvansyon imanitè medya a ak kowòdinasyon lokal	19
Kowòdinasyon pou bati yon platfòm pou jwenn moun	20
Kowòdinasyon ant sektè yo	21
<b>5 Enplikasyon yo ak Pwochen Etap yo</b>	<b>22</b>
Konstatasyon	23
<b>6 Rekòmandasyon</b>	<b>24</b>
Pou tout	24
Pou sektè teknoloji ak devlopman medya yo	24
Pou sektè imanitè a	25
Pou gouvènman nasyonal ak donatè	25
<b>Kwonoloji</b>	<b>26</b>

# Rezime Eleman Prensipal yo



Le 12 janvye 2010, yon tranblemannè vyolan se souke zil Ayiti ki nan pi gwo mizè ki genyen an. Menm jan ak pifò lòt katastwòf natirèl, kominote entènasyonal la te pwomèt efò ki fèt pou bay sipò ak sekou.

Men tranblemannè Ayiti a te make kòmansman yon nouvo koutim nan pote sekou lè gen katastwòf. Piske sa a te rive plizyè ane apre yon revolisyon te deja kòmanse fèt nan teknoloji komunikasyon, evennman sa a te atire yon pakèt espesyalis nan medya ki te pote nouvo zouti nimerik pou ede.

Anplis, kriz Ayiti a te rive nan yon moman kote Biwo Nasyonzini pou Kowòdinasyon Zafè Charitab (UNOCHA) te fenk entwodui komunikasyon benefisyè nan vokabilè pèsònèl yo te deplwaye yo epi yo te envite CDAC pou li kowòdone efò sa yo. Chanjman angajman ak resous sa a garanti kalite kad komunikasyon an t ap diferan nan entèvasyon ki fèt ann Ayiti a pase nan lòt entèvansyon ki te fèt oparavan yo.

Byen vit sekou yo te pote yo te tounen yon laboratwa aktif pou nouvo aplikasyon tankou mesaj SMS, kat entèyatifik pou reperaj sou entènèt, epi ibrid radyo-telefòn pòtab. Yo te sèvi ak zouti sa yo pou fè travay ijan, pa egzanp pou gide ekip rechèch ak sovtaj yo, jwenn kote moun ki pèdi ye, epi fè livrezon manje ak dlo bay popilasyon ki te pi nan nesesite yo.

## Rapò sa a sijere twa obsevasyon imeda sa yo:

1. Byen souvan, òganizasyon charitab tradisyonèl yo ouvri bra yo bay nouvo teknoloji yo, men yo toujou enkyete pou enplikasyon ki genyen nan pataje enfòmasyon ak pouvwa pa mwayan ekstènalizasyon ouvè ak lòt nouvo platfòm medyatik.
2. Malgré tou, kominote charitab ki travay ansanm yo te demontre gen anpil mwayan pwofitab pou itilize medya nimerik la, pi prensipalman fonksyon mesaj SMS yo, nan anviwonnan kriz la, pou reyalize tout yon seri objektif.
3. Byenke yo te bay nouvo teknoloji medyatik la anpil atansyon, li enpòtan pou rekonèt zouti ki te pi efikas pou satisfè bezwen piblik la se radyo. Premye priyorite medya a ann Ayiti se te pou restore sèvis radyo (menm jan li te fèt lè te gen sounami ak lòt katastwòf resan yo).

Ayiti te tounen yon opòtinite pou aprantisaj, men pa yon modèl pafè. Gouvènman tradisyonèl la ak enstitusyon entènasyonal yo ansanm ak kowalizyon teknolojik ki te fonde bridsoukou te fòme patenarya byen vit pou yo travay ansanm. Enfrakstrikti komunikasyon ann Ayiti a, ki tou pa chita sou anyen, te jwenn ak yon tranblemannè ki te mete l atè, byen souvan li te sikorbe anba nouvo egzijans yo. Malgré sa, travay yo te jenere tout yon seri done ak eksperyans ki pral gen yon enpòtans esansyèl nan travay pote sekou ki pral pote nan lavni yo.

Ekspesians Ayiti a ofri materyèl rich pou rechèch ak planifikasyon pou òganizasyon devlopman medyatik, gouvènman, ak òganizasyon entènasyonal. Yo ofri rapò sa a ak espwa pou nou avanse pwosesis sa a ansanm ak objektif imanitè li yo.

# Entwodiksyon

A 4:53, lè lokal, le 12 janvye 2010, yon tranblemanntè devastan ki te mezire 7,0 te frape Zil Ayiti nan Karayib la. Te gen plis pase 230.000 moun ki mouri epi yon kantite moun, nou pa ka konte, ki te blese. Nan nèf milyon moun ki gen nan peyi a, te gen milyon ki pat gen kay pou yo rete epi enfrastrikti a ki te déjà pa solid, te sikonbe, efò sekouris yo te kokobe, epi sa te kreye plis danje toujou. Tiyo gaz ak dlo yo te kase, moun pat ka mache nan lari, epi gwo lopital yo te efondre, yo te tounen debri. Sistèm komunikasyon yo se youn nan tikras zouti ki te ka mete lòd nan deblozay sa a, men, menm yomenm tou te peri nan tranblemanntè a. Entèvansyon nan kadijans lan te egzije yon nivo kowòdinasyon san presedan pami tout kantite sekouris ki te soti toupatou sou latè a.



Chak katastwòf ki rive nan tan modèn la mande kèk mwayen pou komunikasyon, men ann Ayiti, enpòtans medya a te elve a yon nivo nouvo. Ayiti te tounen premye vrè laboratwa pou kriz sou latè pou nouvo platfòm medyatik ki te parèt lòt kote tou resaman sèlman. Yo te aplike yo pou sipòte travay pote sekou ki t ap fèt la, ede popilasyon ki te deplase yo epi kowòdone operasyon masif pou pote sekou a. Tranblemanntè Ayiti a te make premye fwa yo te aplike apwòch nouvo a gran echèl pou kreye dyalòg bidireksyonèl ant sitwayen yo ak sekouris yo, pa egzanp ekstènalizasyon ouvè ak pwojè ki mete ansanm kapasite difizyon telefòn pòtab ak teknoloji radyo.

## Tranblemanntè Ayiti a te reyini ansanm twa tandans kouran nan itilizasyon teknoloji enfòmasyon pou fè entèvansyon imanitè:

1. Sekouris yo te itilize teknoloji nimerik medya a pi plis pou jere enfòmasyon imanitè;
2. Amelyorasyon repòtaj ak pwopagasyon enfòmasyon nan medya lokal an mas la pou ede moun ki resevwa èd yo;
3. Aplikasyon ak adaptasyon zouti inovatif medya nimerik ak platfòm pou kowòdone nouvo jan pou fè aksyon kolektif ak pou rezoud pwoblèm.

Nouvo zouti yo te ankouraje fason nouvo pou kolaborasyon ant medya lokal, inovatè teknolojik, ak gran òganizasyon entènasyonal yo. Piske Ayiti toupre Etazini epi se la pi gwo kominote dyaspora ayisyèn lan ye, li te fasil pou kraze baryè kiltirèl, lang ak konfyans lan, ak teknoloji komunikasyon kòm yon katalis. Teknoloji a te menm ofri nouvo jan pou fè levedfon pa mwayen donasyon ki fèt nan mesaj SMS. Anpil ameriken te tandem pale de filantwopi nimerik nan kanpay 90999 Lakwa Wouj te lanse pou Ayiti a, kote li te kolekte \$5 milyon dola anvan tranblemanntè a te gen 44 èdtan depi l te pase, e montan sa a te ogmante a \$20 milyon anvan senk jou pase.

Efò entènasyonal pou pote sekou a te reyini ansanm divès popilasyon yon fason dramatik. Nan ka Ayiti a, moun ki te jwe wòl prensipal yo se te Fòs Lame Amerikèn, Nasyonzini ak patnè imanitè li yo pa mwayen sistèm pou regwoupman an,<sup>1</sup> branch entènasyonal Lakwa Wouj yo, ak ONG entènasyonal ak lokal nou pa menm ka konte. Chak gwoup sa yo te bezwen mwayen pou komunikasyon dijans, men byen souvan nesesite sa yo te diferan – e pafwa yo te nan konpetisyon youn ak lòt.

An menm tan travayè ak teknisyen yo t ap travay pou restore estasyon radyo ak telefòn fiks ki te domaje, lòt fòs mwen tradisyonèl te parèt sou sèn lan. Se te yon gwoup volontè an gran nonm ki te gen ladan ekspè nan medya ak novo teknoloji enfòmasyon, ki te prese pou aplike inovasyon yo pou sipòte travay sovtaj ki tap fèt la. Yo te travay ak enèji sou tout yon seri platfòm, depi radyo FM jiska kat reperaj sou entènèt, pou teste tout bagay depi sistèm mesaj SMS jiska pwogram nimerik pou jwenn moun. Sèvis sa yo, ki byen souvan travay an patenarya ak medya lokal yo, te ede moun jwenn manje ak ebèjman ann ijans, jwenn zanmi ak fanmi ki te absan, koutfil dirèk pou ede, epi rekrite sipò pou rekonstwi peyi a.

Pwogrè sa yo pi remakab toujou lè w konpare yo ak katasthòf ki te rive kèk ane anvan sèlman yo. An 2004, te gen plis pase 220.000 moun ki te pèdi lavi yo nan sounami Oseyan Endyen an, anpil ladan yo te peri paske avètisman medya a te voye byen bonè yo pat kapab rive jwenn gwo popilasyon lakòt yo. Nan Siklòn Katrina an 2005, kèk nan 1800 lanmò ki te anrejistre yo se te konsekans komunikasyon ak kowòdinasyon ki te manke nan operasyon sovtaj yo.

Konvèjans sa a kapab parèt ann Ayiti, men se konsekans plizyè ane kolaborasyon ki mwen vizib ant kominote ak òganizasyon ki angaje yo nan fè pwogrè nan medya ak nan teknoloji enfòmasyon kote ki gen katasthòf. Byenke tout òganizasyon entènasyonal ki te pote sekou lè tranblemanntè a pat kapab itilize kontribisyon gwoup sa yo, travay yo rekònèt kòm youn nan apwòch nouvo ki gen pi plis potansyèl pou rezoud kèk pwoblèm ki egziste depi lontan. Eksperyans Ayiti a sijere anpil ke medya nimerik ak teknoloji enfòmasyon kapab, si li jwenn bon jan aplikasyon, kowòdinasyon ak jesyon pwogram, fè anpil amelyore nan entèvansyon imanitè. Konsa, Ayiti reprezante kilminasyon yon vizyon e komansman yon travay difisil pou mete vizyon sa a an pratik.

Entèvansyon nan kadijans ki te gen ann Ayiti a te kopye nan anpil domèn inovasyon, san nou pa blyie medya ki difize sou tout yon seri rezo, patisipasyon sitwayen, ak novo zouti teknoloji enfòmasyon yo ak aplikasyon yo. Lide sa yo te déjà fè yon enpak nan anpil domèn, san nou pa blyie jounalis, devlopman ekonomik, swen sante, anviwonmann epi transparans ak responsabilite nan gouvnènans.

Yo pa dwe twò senplifye inisyativ ayisyèn yo kòm yon "siksè" pou medya a. Nan tout pil apwòch yo te eseye pou premye fwa yo, gen kèk ki te fonksyone, gen kèk ki pat mache, e malgre sa, gen lòt ki rete nan pwen yon pwomès ki pat kenbe.

## Gen twa kesyon prensipal ki nan kè rapò sa a:

1. Kouman teknoloji enfòmasyon ak mwayen pou komunikasyon an mas sipòte èd imanitè pou sitwayen yo nan moman yon katasthòf?
2. Kouman eksperyans ak leson nou aprann nan entèvansyon ki te fèt ann Ayiti sèvi rekonstriksyon kap kontinye fèt ann Ayiti a, e travay pote sekou ki pral fèt nan katasthòf ki pral rive lòt kote nan lavni yo?
3. Kouman yo kapab elimine obstak ak limitasyon ki genyen nan pataje enfòmasyon, e an menm tan tou, respekte bezwen patisipan yo?

<sup>1</sup> Sistèm regwoupman an chwazi ajans anpatikilye kòm chèf yon sektè ki responsab pou kowòdinasyon travay imanitè nan domèn byen presi, pa egzanp dlo/sèvis dijyèn, lasante, powtekson, ak komunikasyon. Sistèm lan opere e nan nivo mondyal e nan nivo lokal alafwa, lè gen èntèvansyon imanitè kap fèt.

Se apatide echèk yo, nou aprann kèk nan lesion ki pi itil yo. Menm jan anpil nouvo aktivis nan medya a te remake, "Teknoloji fasil, kominote difisil." Anpil nan obstak nou te jwenn nan travay pote sekou a gen pou wè ak difikilte ki genyen nan dyalòg ant kominote yo: ant òganizasyon entènasyonal ak gwoup ayisyen lokal yo; ant volontè ak òganizasyon imanitè pwofesyonèl yo, ant sivil ak militè. Poutèt katastwòf la, anpil nan moun sa yo te reyini ansam pou premye fwa epi katastwòf la tou te kreye kondisyon difisil pou aprann yon langaj kòmen. Men se menm vid sa yo ak gaf sa yo ki dwe kontribye nan pwosesis aprantisaj ki pral pote nouvo konsèp pou pwochen katastwòf la.

Rapò sa a, ki pibliye ennan apre tranblemannè a, eseye evalye wòl komunikasyon pandan evennman an epi aprannn lesion pou lavni. Li kopye nan eksperyans ak diskisyon CDAC (Communicating with Disaster Affected Communities), yon gwoup moun kap travay e ki gen ladan li òganizasyon imanitè ak gwoup pou devlopman medya, epi yon tabwonn Fondasyon Knight te òganizse le 24 me 2010 nan Miami. Reyinyon an te rasanble jounalis ayisyen, reprezantan devlopman medya entènasyonal, ajans pou devlopman, teknolojis, ekip sovtaj, ak gwoup imanitè, tout moun ki te jwe yon wòl pou satisfè bezwen avid Ayiti te genyen pou li bay enfòmasyon pandan katastwòf la.

Ap toujou gen kalamite nan mitan nou. Men travay pote sekou, si li byen planifye, byen enfòme, e byen ekzekite an kolaborasyon ak popilasyon lokal la, kapab soulaje domaj yo. Medya nimerik ofri yon opòtinite patikilye pou gen pwogrè ki fèt sou objektif sa yo – si, e sèlman si, entèvansyon nan lavni itilize lesion ki aprann nan lepase yo.



## Communicating with Disaster Affected Communities (CDAC)

Communicating with Disaster Affected Communities (CDAC) [Kominikasyon ak Kominote Katastwòf Afekte] se yon kolaborasyon ant plizyè sektè ki reyini ansam ekspè nan pwogram proksimite, medya ak travay imanitè nan yon efò kolektif pou amelyore kantite komunikasyon bidireksyonèl ki fèt ant kominote imanitè ak popilasyon ki afekte. CDAC se yon sous pou ekspètiz ak konsèy, yon kominote de pratik ak yon platfòm pledwaye ki vize pou li garanti sektè imanitè a ak medya lokal la jwe yon wòl nan miltipliye omaksimòm efikasite èd, responsablite ak transparans pou kominote ki afekte yo.

Se òganizasyon entènasyonal pou sekou ak devlòpman ki te fonde gwoup travay la; ladan li gen Save the Children, Lakwa Wouj Britanik, Lakwa Wouj Ilandèz ak OCHA; ak ajans pou devlòpman medya, ki gen ladan li Fondasyon Thomson Reuters (TRF), BBC World Service Trust (BBCWST), Sipò Intènasyonal pou Medya (IMS) ak Internews.

Rezo CDAC ann Ayiti a gen ladan li ekspè nan travay imanitè, radyo, medya an mas, mesaj SMS, komunikasyon sou wèb ak medya ki pa an mas, ajan enfòmasyon piblik, avèk e jounalis lokal e jounalis entènasyonal alafwa.

## Kontèks: Preparasyon pou Entèvansyon ann Ayiti a

Nouyòk, 11 septanm 2001: Lè yo te atake World Trade Center a epi yo te touye 2700 moun, komunikasyon te echwe nan Vil Nouyòk tou. Estasyon televizyon lokal yo te bay rapò ki te gen erè ladan e ki te fè konnen gen dis lòt avyon anplis ki te nan wout pou atake. Lapolis ak ponpye nan Vil Nouyòk, ki tap travay sou frekans radyo diferan, pat gen okenn jan pou kominike dirèkteman youn ak lòt. Militè ameriken, premye moun ki te fè entèvansyon yo, ak sekouris te tonbe youn sou lòt nan zòn lan, gen kèk aksyon ki te fèt de fwa epi genyen yo pat menm panse pou yo te fè. Moun ki tap chèche fanmi pwòch yo te oblige kole afich sou vitrinn magazen.

Men omwen youn nan nouvo platfòm pou komunikasyon yo te jwe yon wòl evidan: pandan kèk minit enpòtan apre atak la, moun ki te kole anndan biling ak moun ki te nan avyon te kapab pale ak fanmi yo nan telefòn pòtab; gen kèk nan koutfil sa yo ki te bay enfòmasyon enpòtan pou medya enfòmasyon yo ak pou sèvis ijans yo.

Evennan sa a, ki gen sèlman dis ane depi l te pase, pèmèt nou fè yon koudèy byen vit sou dinamik pou pote sekou nan moman katastwòf nan epòk Web 1.0. Ameriken yo te gen aksè a entènèt la, televizyon ak sèvis telefòn pòtab, men se teknoloji desandan an majè yo te ye epi kapasite entèyaktif yo potko fin konstwi nèt.

Twazan apre, komunikasyon nan moman kriz te pran yon lòt etap enpòtan lè sounami Oseyan Endyen an te frape. Nan Sri Lanka, pifò kòt la te ravaje epi te gen plis pase 35.000 moun ki te mouri. Telefòn fiks te detwi oswa yo pat kapab travay, epi siyal telefòn pòtab yo te twò fèb pou kenbe siyal la. Pa dezespwa, sekouris yo te itilize mesaj SMS ("sèvis pou mesaj kout" oswa tèks mesaj), epi pa sipriz, yo te jwenn li efikas. Yon jenn direktrè pwodisyon nan yon chèn televizyon lokal te kòmanse voye mesaj SMS bay zanmi nan peyi End epi zanmi sa yo ki te afiche rapò li yo sou blòg yo, konsa li te fè yo tounen mizajou entènasyonal pou fanmi ki te enkyete yo.



Kèk semèn apre katastwòf la, gouvènman Sri Lanka a te fonde Sant pou Jesyon Katastwòf, yon sèvis ki siveye katastwòf natirèl 24 èdtan pa jou. Pwojè a te propoze pou li voye mesaj SMS bay chèf vilaj yo, fonksyonè gouvènman, lapolis ak medya touswit, osito li remake premye siyal katastwòf la. Yo te teste nouvo sistèm lan le 19 septanm 2007, lè pèp Sri Lanka a te resevwa yon alèt ki gen 20 mo ladan apre yon tranblemannèt ki te fèt sou lakòt la: "avètisman pou sounami nan kòt nò, ès ak sid nan Sri Lanka. Yo mande tout moun pou yo soti nan lakòt la - Sant pou Jesyon Katastwòf." Yo te evakey lakòt la byen vit epi yo pat rapòte okenn lanmò.

Youn nan dezavantaj ki genyen nan itilize sistèm SMS publik pou fè rapò te ilistre nan prèske menm epòk la, lè yon mesaj SMS pou avèti yon sounami te sikile nan End, sèlman apre sa, yo te aprann se te yon menti yon moun fèt ekspre. Malgre sa, lide pou itilize mesaj MSM pou anonsé katastwòf ap pwogrese. Byento, volontè nan teknoloji yo te devlope yon nouvo platfòm ki rele Sèvis Entegre pou Siveye Sounami pou bay enfòmasyon gratis an dirèk sou katastwòf natirèl pou moun ki itilize telefòn pòtab tout kote nan rejyon an.<sup>2</sup>

Pandan telefòn pòtab ak penetrasyon entènèt la ap agrandi tout kote sou latè, gen yon kantite lòt nouvo platfòm ki parèt, anpil ladan yo baze sou Web 2.0, oswa medya entèyaktif kote se itilizatè yo ki e kreye e jwenn aksè nan kontni yo alafwa. Piske yo reyini "sajès foul la", yo kapab mete enfòmasyon yo pran nan men chak moun pou konpilye yo tout pou fè yon baz sawwa enpòtan. Lè Siklòn Katrina te devaste Gòlf Meksik la, an out 2005, li te demonstre yon lòt fwa ankò enpak fatal yon move sèvis komunikasyon ak kowòdinasyon dijans kapab genyen. Men

<sup>2</sup> Gade: <http://www.columbia.edu/itc/sipa/nelson/newmediadev/Emergencies.html>; Gade tou [www.jasminenews.com](http://www.jasminenews.com) ak "New Technologies in Emergencies and Conflicts: the Role of Information and Social Networks," [Nouvo Teknoloji nan Kadijan ak Konfli: Wòl Enfòmasyon nan Rezo Sosyal], *Ibid*.



Li te siyale pouvwa wiki yo ta pral genyen, oswa kreyasyon tout yon seri konesans sou entènèt la, ki tap ogmante pi plis toujou, pou jwenn moun ki absan, pou òganize volontè, epi pou jwenn kote pou ou rete lè gen kadijans.<sup>3</sup>

Prensip Web 2.0 gen aplikasyon klè pou entèvansyon nan katastwòf, piske yon popilasyon ki frape kapab bay pifò enfòmasyon dirèk sou pwòp kondisyon pa li yo. Prensip sa yo avanse dwa moun sa yo genyen pou dyaloge ak pou fòme patenarya ak ajans ki pote sekou, olye pou yo reziyen yo nan yon wòl viktим pasif. Men, nouvo posiblite yo ogmante espwa, epi kominote yo fè konnen kòlè ak desepsyon yo lè gen nouvèl ki bay epi ki anrejistre konsènan kisa ki nesesè pou yo, e malgre sa bezwen sa yo pa satisfè. "Sèk fidbak" komunikasyon an fin boukle sèlman lè gen aksyon awopriye ki fèt – byen souvan, se pati ki pi difisil nan ekwasyon an.

Gen plizyè devlopman resan ki fèt nan entegrasyon komunikasyon ak enfòmasyon imanitè nan entèvansyon nan moman katastwòf ki te pouse inisyativ yo te antreprann ann Ayiti a. Dabò, sektè devlopman medyatik la te fè pwojè pou travay ak medya lokal yo pou kreye pwogram pou fè repotaj ak platfòm pou montre reyakson pou òganizasyon ki fè travay imanitè yo. Dezyèman, pwofesyonèl nan medya nimerik ak teknològ nan enfòmasyon yo fòme yon kominote kap agrandi e ki konsantre sou nouvo platfòm pou entènèt ak platfòm mobil pou ankouraje mapaj, etikètaj pou idantifikasiyon jewografik, ekstènalizasyon ouvè, mikwo-travay, devlopman aplikasyon, ak jounalis sitwayen. Yo te fè yon efò espesyal pou aplike zouti ak talan yo pou moman kriz ak ijans imanitè.

Anfen, sektè imanitè a te vin pi okouran valè komunikasyon benefisyè,<sup>4</sup> li te agrandi li tikras pa tikras apatide yon entèvansyon nonkonvansyonèl a kriz endividiyèl pou

aplikasyon ki pi laj, pi sistematik. Yo rekonèt enfòmasyon imanitè ann Ayiti kòm yon eleman nan kad estratejik jeneral nan sistèm regwoupman an pou entèvansyon, epi pou aplèl konsolide pou finansman. (Pwosesis pou Apèl Konsolide).

Sektè imanitè a agrandi jan li itilize zouti medya nimerik yo ak aplikasyon yo tou, dabò pou sipòte kowòdinasyon travay e pledwaye ant ajans, epi nan yon nivo nonkonvansyonèl, pa egzanp yon seri zouti pou komini ke ak benefisyè yo.

Men, malgre fòs ekstènalizasyon ouvè a repoze sou yon apwòch ouvè e demokratik pa rapò a jesyon enfòmasyon, karakteristik sa a kapab sèvi kòm yon limitasyon nan anviwonnanman kriz. Yo kapab kolekte epi rasanble enfòmasyon yon fason ouvè e demokratik. Men, byen souvan se gwo òganizasyon ki itilize enfòmasyon yon jan ki radikalman diferan ki dirije efò pou entèvansyon pratik lan. Òganizasyon militè ak imanitè entènasyonal jere enfòmasyon nan yon sistèm ki pi fèmen.

Byen souvan èd gouvènman bay nan moman kriz se efò nasyonal, reyjonal ak lokal, ki gen patisipasyon ploton militè ak gad nasyonal ansanm ak lapolis ak ponpye, kote yo tout bay resous materyèl, asistans medikal, ak ekip pou rechèch ak sovtaj. Enstitisyon sa yo ap ogmante sipò yo bay pou teknoloji inovatif nan enfòmasyon. Kondisyon ofisyèl yo pèmèt yo fè miszannaplifikasyon toupatou, epi yo kapab bay kèk nan òganizasyon yo yon misyon lidèchip nan yon domèn patikilye. Yo posede resous pou fè preparasyon ak sistèm pou avètisman bonè; entegre komunikasyon ogzilyè nan enfrastrikti; epi anjeneral sèvi kòm pilye pou lòt sekouris, espesyalman finansman enstitisyonèl ki sipòte sektè imanitè a dabò. Si l posib, yo rekonèt ke entèvansyon imanitè, prensipalman, se yon responsablite pou gouvènans.

Men, ajans gouvènmantal yo dwe fonksyone nan mitan yon seri biwokrasi konplike, ki responsab pou kad legal ki dirije pwoblèm konfidansyalite, zafè prive ak responsablite. Òdinèman sa rann yo mwen fleksib pase ONG yo. Byen souvan kilti òganizasyonèl yo pa mele ak kominote ONG a, epi sa kapab rann li difisil pou aprann yon langaj kòmen nan yon sitiaysyon ijan. Genyen ki opere dapre restriksyon byen presi. Sèvis moun an inifòm fonksyone nan de kad kontrent entèljans. Komite Entènasyonal Lakwa Wouj la, ki travay dapre yon seri trete, gen yon tradisyon pou pwoteje konfidansyalite depi lontan. Lè enstitisyon sa yo ak kominote kwaze ak kominote sous ouvè, sa kapab koze friksyon ak malantandi. Youn nan defi ki rete pou mouvman sa a ki fenk ap parèt la se pou li kreye sous enfòmasyon konstriktif ant sistèm ki esansyèlman pa menm.

<sup>3</sup> Gade: <http://www.ojr.org/ojr/wiki/katrina/>.

<sup>4</sup> Komunikasyon benefisyè base sou dyalòg ant sektè imanitè kap fè entèvansyon yo ak pèp ki afekte a.

## Inisyativ Medya ak Patenarya



Gouvènman ayisen an ak medya nouvèl lokal la te pwomèt pou sipòte kominate yo apre kriz la, men domaj tranblemanntè a poukонт li te diminye kapasite yo genyen pou reyalize sa yo te vle fè anpil. Gen apeprè 18.000 mil fonksyonè gouvènman ki te mouri epi gen plizyè blòk biling gouvènman ki te kraze net, prensipalman nan Pòtoprens, kapital la. Sa te limite kapasite yon gouvènman ki tou pòv déjà pou li fè livrezon manje, dlo ak swen sante. Ann Ayiti, medya enfòmasyon an te paralize tanporèman. Tout jounal lokal yo epi pi fò journalis radyo ak televizyon yo te sispann fonksyonè, epi yo di ke yo kwè gen 33 journalis ki te mouri nan tranblemanntè a.

Gouvènman etranje reyaji byen vit a demann pou asistans Ayiti te fè a. Sa ilistre wòl enpòtan tout gouvènman kapab jwe nan yon katastwòf – ansanm ak difikilte ki genyen nan fè kowòdinasyon yo tout. Republik Dominikèn, ki vwazen an, te premye kote ki te fè entèvason sou plas. Peyi toupatou sou latè te swiv byen vit ak pwomès pou asistans, Etazini, Wayòm Ini, Kominote Ewopeyèn lan ak Eskandinavi te ofri gwo montan lajan.<sup>5</sup> Piske Etazini toupre, li te pwofite de sa pou li dispatche sipò lojistik byen vit. Depatman Deta Ameriken ak Fòs Lame Amerikèn te ede ak teknoloji enfòmasyon ak kowòdinasyon, li te fasilite kontak epi li te

fè reparasyon dijans nan telekomunikasyon ak enfrastrikti entènèt la. Biwo pou Asistans Etranje nan Katastwòf ki nan Ajans pou Developman Entènasyonal nan Etazini (USAID) te bay finansman byen vit epi li te voye ekip pou rechèch ak sovtaj iben (USAR) ki te soti Vljin ak Kalifoni. Yo chak ten genyen apeprè 72 manm pèsonèl, sis chyen ki fè rechèch ak sovtaj, epi jiska 48 tòn ekipman pou sovtaj. Depatman Developman Entènasyonal nan Wayòm Ini (DfID) te voye ekip pou rechèch ak sovtaj tou nan premye moman yo, epi li te ede kowòdone efò ki tap fè pou pote sekou a. Apre premye efò sa yo, te gen plizyè tòn èd ak dèmilye sekouris ki te soti nan Etazini, Grann Bretay, ak nan lòt peyi toupatou sou latè.<sup>6</sup>

Yon priyore ki te genyen touswit se pou ede ayisen yo dekovuri kisa ki tap pase ozalantou yo epi ki kote yo te kapab ale pou yo jwenn èd. Gen kèk enfòmasyon ki te soti nan sous entènasyonal byen vit. Estasyon radyo pou Misyon Estabilizasyon Nasyonzini ann Ayiti (MINUSTAH) okòmansman pat ap difize pwogram, men li te vin disponib pou li te fè pwogram ki bay enfòmasyon imanitè li te reprann sèvis semèn apre a lan. Anpil emision radyo ak televizyon entènasyonal, te monte pwòp pwogram ayisen pa yo. Ladan yo te gen BBC, Lavwadlamerik (VoA) ak Radyo Frans Entènasyonal. Ansam, gwoup sa yo te pwogram tout yon seri entèvanson remakab pou enfòmasyon ak komunikasyon.

Menm nan bon moman, pousantaj alfabetizasyon peyi ki ba e ki a 52 poustan te andikape jounal ayisen yo – men koulyeya jounal ekri pat menm yon opsyon. Tranblemanntè a te detwi kapasite peyi a genyen pou li pwodui ak distribye jounal pandan plizyè semèn. Le Courier International te pibliye yon edisyon espesyal sou Ayiti ak patisipasyon magazin lokal ak jounalis le 4 fevriye, antretan li te pran Le Nouvelliste yon mwa pou l pibliye edisyon espesyal pa li sou tranblemanntè a.<sup>7</sup>

<sup>5</sup> Gade nan: <http://www.guardian.co.uk/news/datablog/2010/jan/14/haiti-quake-aid-pledges-country-donations>.

<sup>6</sup> Ayiti se te yon ka tipik nan plizyè aspè. Dabò li toupre Etazini, epi li resevwa pi plis sipò pase kote ki pi lwen. Answit, kapital la te pratikman disparèt, lèfini, gouvènman ayisen an fèb a li toujou fèb.

<sup>7</sup> Gade nan: <http://www.courierinternational.com/une/2010/02/12/une-edition-speciale-un-mois-apres-le-seisme>.

Se radyo ki medyòm dominan ann Ayiti. Anpil moun kapab gen aksè a radyo fasilman epi yo ka pataje li san li pa koute twòp, epi li itil e pou moun ki konn li e pou sa ki pa konn li. Dapre CIA World Factbook, Ayiti gen plis pase 250 estasyon radyo komèsyal ak kominotè; yon sodaj Lavvadlamerik te fè an 2009 te fè konnen ke radyo se yon bagay ki pratikman inivèsèl, preske tout moun net geyen youn.<sup>8</sup> Faktè sa yo rann radyo yon lyen esansyèl ki pa negosyab pou pèp ayisyen an nan moman kriz yo.

Tramblemanntè a te retire piò estasyon radyo ayisyen ki te sou ond yo. Se yon sèl, Signal FM, ki te fini pa kontinye emisyon li yo pou yon kantite oditè ki te rive prèske twa milyon pandan kriz la.

Aprè sa, Asosyasyon Nasyonal pou Fondasyon Edikatif pou Jounalis, te onore Mario Viau, pwopriyetè yon estasyon radyo. Yo te fè Signal FM konpliman Signal FM kòm yon sous enfòmasyon esansyèl pou dèmilyon ayisyen ki pat gen aksè a gaz, elektrisite oswa sèvis telefòn pandan 2 premye semèn apre trabblemanntè a. Emisyon 24 sou 24 li yo te ede jwenn moun ki te absan, voye nouvèl bay fanmi ki tap chèche moun lakay yo, epi pote mesaj bay ayisyen touptaou nan Pòtoprens konsènan resous ki disponib pou dlo ak enfòmasyon sou lopital. Li te ede sove lavi anpil ayisyen tou paske li te bay repòtaj sou ekip sovtaj yo epi li te dekri ki kote yo te bezwen èd imedyatman.”<sup>9</sup>

Pandan Radio One, Radio Metropole, Radio Melodie ak lòt sèvis yo tap reprann yo detanzantan, yo te fè menm jan ak Signal FM pou yo te ouvri mikwofòn yo bay sitwayen ayisyen yo. Estasyon radyo ayisyen yo ak vedèt radyo yo te pwofite de oditè an mas pa yo ki te deja egziste e ki te gen konfyans nan enfòmasyon yo bay yo. Radio One, ki te yon estasyon ki jwe mizik sèlman, te itilize kontak li gen nan kominote mizisyen ayisyèn lan pou li mete vedèt yo sou ond pou kominike ak piblik la. Yo te ede kalme foul yo, sou prensip “yon vedèt rap nan yon lokal distribisyon kapab pote plis frankilite pase plizyè solda.” Carel Pedre, kwonikè pwogram popilè Radio One Haiti, te voye ampiil ampiil mesaj sou Twitter epi li te bay fanatic li yo bonjan mizajou.

Enpòtans radyo kòm yon sous enfòmasyon te amplifye paske li konplete lòt sous enfòmasyon esansyèl yo. Rezo kominotè yo ak legliz lokal yo te kapab distribye mesaj ak plis efikasite lè yo travay ak radyo. Lòt kalite medya tankou mesaj SMS ak rezo sosyal, lè yo kombine ak radyo, te pi kapab bay enfòmasyon kle ak mesaj ki fyab pou pi gwo kantite moun ki posibman koute radyo.



Gen lòt òganizasyon medya ki te mobilize pou ede, ladan yo te gen Asosyasyon Jounalis Ayisyen ak òganizasyon kominotè lokal la, Katye pa Katye (Yo rele li Quartier par Quartier oswa QpQ). Konpayi telekomunikasyon ayisyen yo tankou Digicel ak Voilà. Digicel anpatikilye te gen anpil enflyians nan efò pou pote sekou a, epi li te bay anpil tan ak resous.

Menm anvan yo te rekòmanse bay sèvis, medya lokal an mas, ann Ayiti, te ede nan efò entèsyonal pou pote sekou a paske li te ofri konesans esansyèl li genyen sou zòn lan. Òganizasyon ayisyèn lokal yo ak rezo dyaspora a te rantre nan pwosesis la pa mwayen medya sosyal. Gwoup sa yo te sèvi ak telefòn (epi mwen souvan, entènèt la) pou kontakte zanmi ak fanmi ann Ayiti epi pou afiche mizajou sou Twitter, Facebook, ak Flickr pou komunikasyon ak yon pi gran piblik toujou.

<sup>8</sup> “Posede yon radyo ann Ayit se yon bagay inivèsèl ann Ayiti paske 97 pouzan moun ki te reponn yo te fè konnen yo posede yon radyo ki fonksyone. Radyo se medya ki pi populè e pi itilize a paske 68 pouzan moun ki reponn yo tap koute radyo yè.” Radyo Lavvadlamerik (VOA) Pwogramasyon pou Ayiti - Koudèy sou rezulta sondaj, out 2009. [http://www.signalfmhaiti.com/index.php?option=com\\_content&view=article&id=2327:haitis-signal-fm-radio-to-be-honored-at-nabefs-service-to-america-awards&catid=44:cooperation](http://www.signalfmhaiti.com/index.php?option=com_content&view=article&id=2327:haitis-signal-fm-radio-to-be-honored-at-nabefs-service-to-america-awards&catid=44:cooperation).

Pandan nouvèl tranblemannè a tap gaye, anpil organizasyon entènasyonal te deside plandakson yo. Karantuit èdtan apre tranblemannè a te frape, UNOCHA te mande organizasyon pou devlopman medya Internews, ki tap travay ann Ayiti depi 2007, pou li kowodone operasyon CDAC sou plas epi pou ede otorite enpòtan yo fè evalyasyon sou kisa yo bezwen, evite tout moun fè menm bagay la, epi konble tout kantite vid ki posib yo.<sup>10</sup> (Inisyativ sa a te make kòmansman efò CDAC ann Ayiti). Yo te gade apwòch sa a tankou yon bagay ki te manke nan entèvansyon ki te fèt anvan yo epi se CDAC ki te teste li pou premye fwa ann Ayiti.

Kominote entènasyonal la te travay ansanm ansanm ak estasyon radyo ayisyen yo pou pwodui repòtaj imanitè (pafwa li te ajoute televizyon). Yo te pataje enfòmasyon sou pliyè platfòm, san nou pa blye mesaj SMS, pwogram pou moun rele estasyon radyo yo epi patisipasyon dirèk sitwayen yo. Kominote ki pote asistans lan te sipòte distribisyon an mas aparèy radyo bay popilasyon ki afekte yo, pou garanti askè nan enfòmasyon.<sup>11</sup>

Emisyon espesyal Internews yo te envite oditè yo pou yo voye mesaj SMS ki fè kòmantè sou enfòmasyon yo bezwen yo ak sèvis sekou yo bezwen yo. Answit yo te voye enfòmasyon sa yo bay sekouris yo, pa mwayen reyinyon CDAC te òganize pou fè kowòdinasyon.

Medya sosyal yo te gen yon enpak dramatik ann Ayiti – byenke se pa menm jan yon moun ta jwenn nan lòt rejyon yo. Ofisyèlman, yo dekri plis pase dis pouzan nan popilasyon ayisyèn lan kòm “itilizatè entènèt”, men estatistik sa a kache lefèt ke konnekson an limite andeyò kapital la, epi li pa fè konnen ke aksè nan entènèt ki bay pi bon siyal la ekstrèman limite toupatou nan peyi a.

Nan sikontans tou le jou, kompayi enèji ann Ayiti yo bay kouran pou sèlman kèk èdtan sèlman. Ak tranblemannè a, Pòtoprens te nan blakawout kouran net net, epi relè kompayi telefòn (tankou WiMax, mikwowonn ak satelit) te bay sou entènèt la te ralanti paske reseptè yo pat byen aliye. Ti kantite rezo ki tap fonksyone yo te bloke ak moun ki tap eseye kominiye ak fanmi ak zanmi yo. Yo te ranvwaye preske tout nan rès koneksyon yo sou Nasyonzini ak lòt òganizasyon pou ede mobilize asistans imanitè.

Malgre kondisyon difisil sa yo, kompayi twal èntènet ki ann Ayiti yo te jwe yon wòl enpòtan nan pwosesis la. Tout mesaj SMS ak done ki tap soti ann Ayiti te pase nan pwendechanj entènèt ki te konstwi e jere pa yon kowalisyon lokal de moun ki nan biznis sa a. Se kompayi ayisyen te batie e jere nan nivo lokal ke òganizasyon charitab entènasyonal (ak kliyan pa yo) al mande pou yo ofri konektivite gratis, e sa te koute antrepriz lokal sa yo anpil.

Etandone aksè a entènèt la te difisil pou jwenn epi te gen entèripsyon nan sèvis entènèt la, se telefòn pòtab ki te pèmèt piòf inisyativ medya annan Ayiti fèt. Popilasyon Ayiti a ki 9,6 milyon te posede 108.000 liy telefòn fiks sèlman an 2009 (sa te klasifye yo 142yèm nan nivo mondyal) – konpare a 3,6 milye telefòn pòtab.

Kominote entènasyonal la ak blògè ayisyen yo te kreye platfòm sou entènèt la pou regroupe, òganize epi pataje enfòmasyon imanitè ak sekouris yo. (Yon egzanp enpòtan se Ushahidi, yon platfòm pou mapaj nan moman kriz yo te adapte byen vit pou bay enfòmasyon sou ijans ak sovtaj ann Ayiti; gade pi ba la a).

Sèvis telefòn pòtab ann Ayiti te byen souvan enprevizib, men li te bay yon platfòm pou sèvis mesaj SMS epi sa te bay yon entèfas enpòtan ant pèp ayisyen an ak òganizasyon imanitè entènasyonal yo.

Inisyativ pou fè repòtaj pa mesaj SMS la te kòmanse touswit apre tranblemannè a, pandan jounalis ayisyen tap releye siplikasyon oditè yo ki tap mande èd. Yon jounalis ayisyen sonje, “Nou pat konnen kisa nou te ka di oditè nou yo ni moun ki te vin nan estasyon radyo a. Moun te vini, yo te plenyen, yo pat jwenn èd. Nou pat konn kisa pou nou te di yo – nou te manke yon lyen ant òganizasyon imanitè ak medya a.”<sup>12</sup>

## Mesaj SMS

Nimewotasyon abreje se nimewo telefòn espesyal ki pi kout anpil pase nimewo telefòn konplè yo. Yo fèt pou fasilité transmisyon mesaj SMS ki soti e nan telefòn pòtab e nan telefòn fiks alafwa, pou yon seri itilizasyon komèsyal ak charitab. Byenke yo kapab chanje yo souvan, nan sitiayson ijan, yo kapab rann yo disponib pou publik la gratis.

<sup>10</sup> ICRC, IFRC, Ushahidi, InSTEDD, Sahana, OpenStreetMaps, FrontlineSMS:Medic, Crisis Commons, Global Voices, Microsoft Research, Google, The MIT Center for Future Civic Media, CartONG, epi lot teknolojis ki yon ti jan afilye, te mete tèt ansanm tou.

<sup>11</sup> Kwonolòji yo bay nan rapò sa a ofri detay sou ki entèvansyon ki te fèt epi kilè li te fèt.

<sup>12</sup> Tabwonn sou Ayiti, Miami, 24 me 2010.

Koneksyon sa a te kreye sou fòm yon "nimewotasyon abreje": Nan ka sa a, yon kòd kat chif te pèmèt moun ki itilize telefòn pòtab voye mesaj SMS gratis ti cheri nan biwo santral pou enfòmasyon konsènan moun ki absan ak sa moun bezwen dijans. Plizyè òganizasyon te patisipe nan devlopman nimewotasyon abreje pou sèvi Ayiti. Youn ladan yo se te InSTEDD (yon òganizasyon imanitè ki te fòme apati konferans TED la ki te reyini ansanm otorite prensipal nan domèn teknoloji a, pou yo pale ansanm de inovasyon).

Digicel, youn nan pi gwo konpayi telefòn pòtab ann Ayiti yo, te yon patnè enpòtan depi nan kòmansman. Konpayi a te pèdi apeprè 70 poustan nan tou li yo nan tranblemanntè a, men, apade yon pann brèf nan premye jou yo, sèvis la te fonksyone nan peryòd inisyal la. (Achitèk sistèm SMS la te kòmanse travay le 13 janvy, lelandmen tranblemanntè a, epi mesaj yo te kòmanse pase apeprè apre twa jou).

Ekip teknoloji a te negosye chif 4636 a, epi Digicel te dakò pou li rann li disponib pou publik la gratis. Lè sa a, sèvis Digicel la te bay sèlman mwayen pou popilasyon ayisyèn lan te ka fè kontak delwen ak ajans ki bay asistans yo san li pa koute anyen. Pita, dezyèm konpayi telefòn prensipal la, Voilà, te patisipe nan efò a epi li te ajoute yon dezyèm nimewotasyon abreje, ki te 200.

Yon fwa sistem mesaj SMS la te sou pye, lòt ekip teknoloji anplis kòmanse travay. IMS (International Media Support, yon ONG ki baze nan Kopenag) travay ak Internews epi lòt organizasyon pou kreye yon sistèm mapaj ki baze sou kat reperaj Google yo pou idantifye estasyon radyo kap fonksyone nan zòn Pòtoprens lan. Men sa pat ap tèlman itil amwenke yo te ka fè pèp ayisen an konnen li egziste, ak kouman pou yo itilize l. Yon reprezantan Thomson Reuters te vizite estasyon radyo ayisen yo dezoutwa jou apre tranblemanntè pou li ofri yo pou yo jwen yon oryantasyon sou sèvis SMS pa yo.

Nan dezoutwa jou, te gen dèmilye mesaj ki tap rantre nan sitèm lan. Te gen plizyè ekip dyaspora ayisen ki te volontè pou tradwi epi make sou kat reperaj yo ki kote enfòmasyon yo te soti. Answit, yo te pote enfòmasyon an bay Gadkòt Ameriken ak lòt fòs lame ki te deja nan zòn lan.

Se Ushahidi, yon pwogram pou mapaj nan moman kriz sou entènèt ki te bay pwochen nivo sèvis publik la. Se nan Kenya yo te kreye platfòm sa a pou trase tablo vyolans ki te fèt nan eleksyon 2007 la, men pratisyen yo te reyalize byenvit li te ka aplike pou anpil lòt bagay ankò. Touswit apre tranblemanntè Ayiti a, yon ekip volontè nan Invèsite Tufts nan Boston te kòmanse resevwa enfòmasyon nan men sous ki sou plas yo. Yo te plase kowòdone ensidan yo sou

yon kat elektwonik epi yo te pibliye rezulta yo sou entènèt la, e yo kontinye mete materyèl la ajou. Okòmansman, yo te depann prensipalman de koutfil ak rapò laprès. Men, avèk letan, popilasyon ayisyèn lan te rapòte plis ensidan toujou gras a nimewotasyon abreje mesaj SMS la.

Anpil nan kowòdone sa yo se asistans dirèk sekouris yo. Ushahidi te devlope yon antèn RSS pou Gadkòt Ameriken pou ede yo resevwa enfòmasyon ijan ki mande asistans touswit. Yon ekip kat a wit sekouris ki fè pati Gadkòt Ameriken te pran enfòmasyon an epi yo te pibliye l bay fòs ki sou plas yo pou yo ka mennen operasyon rechèch ak sovtaj. Ekip sipò Tufts la te travay dirèkteman ak dispatchè Gadkòt Ameriken an pou garanti yo travay sou rapò ijan yo prese.

Marin Ameriken yo te travay ak platfòm Ushahidi a. Craig Clarke, yon analis sivil ki travay pou Kò Marin Ameriken an te tande pale de Ushahidi pa mwayen yon marin ki tap etidye nan Tufts. Apati baz li nan Quantico, Clarke te bay marin ki te sou plas yo sipò, li te rapòte tout ensidan katastwòf la te koze, ak efò k ap fèt pou pote sekou nan penensil sid la, alwès Pòtoprens. Li te kòmanse ak enfòmasyon ONG ki sou plas yo ak plizyè sikisal medya sosyal te bay yo, pa egzanp blòg, Twitter ak Facebook, ansanm ak gwo sitwèb prensipal yo. Lèfini, li te kontakte yon gwoup elèv Fakulte Syans Enfomatik nan Georgia Tech pou konvèti done Ushahidi

## Yon egzanp yon rapò ijan yo te voye sou antèn RSS la:

Yon doktè ki te manm gwoup Tufts/Mision 4636 la te voye mesaj SMS sa a bay Gadkòt Ameriken pou yo te ka fè suivi epi pou yo te bay asistans.

[1/24/10 5:17:47 PM]

*D. R—S--: 2 moun kole anba debri nan Caribbean Market. Youn ladan yo se Regine [M- -] ki isit la, l ap itilize nimewo sa a (+1) 305 -- -- pou mande èd. Kowòdone yo: 18.522547, -72.283544.<sup>13</sup>*

<sup>13</sup> Nou kenbe non an ak nimewo telefòn lan pou pwoteje konfidansyalite.

yo an fòma fichye Google Earth. (Li te pi fasil pou jwenn aksè malgre limit debi enfòmasyon an nan kote zòn Kò Marin Ameriken tap mennen operasyon sekou yo. Kò Marin Ameriken an te kòmanse itilize Ushahidi le 29 janye 2010, disèt jou apre tranblemanntè a fèt.

Clarke te bay done Ushahidi yo kredi paske se yomenm ki ede Marin yo pote asistans pou moun ki te nan bezwen yo. Youn nan egzanp yo gen pou wè ak rapò ki soti nan yon kan kote moun pran refij nan Carrefour, kote ki pat gen ase dlo potab pou moun bwè. Yon fwa yo te resevwa enfòmasyon an, Marin yo te pote dlo nan kan an epi yo te distribye aparèy pou pirifye dlo pou moun bwè. Nan lòt kote, platfòm lan te fè Marin yo konnen kote ki gen yolans ak kote wout yo bloke. Yo te fè patwoy nan zòn yo epi yo fè ansòt pou barikad yo pa anpeche èd la rive jwenn viktim yo.<sup>14</sup>

Malgre egzanp kolaborasyon sa yo te pwometan, te gen limit ak enkonvenyan. Pat gen okenn koneksyon sistemmatik ki baze sou teknoloji ant aktivis medya yo ak militè a, ni gwo òganizasyon imanitè yo. Kontak tankou sa nou mansyone anwo a, ak Gadkòt ak Marin yo, te fèt pa aza epi yo te fèt tanporèman, pa mwayen koneksyon pèsònèl. Préske ennan apre tranblemanntè a, gwo òganizasyon ki bay sekou yo toujou poko konnen Ushahidi, pa egzanp Kolonèl Lee Harvis, medsen anchèf marin yo nan Fòs Ayeryèn Etazini an, ki te ateri nan Pòtoprens trannsis èdtan apre tranblemanntè a. Harvis, ki te responsab evakyasyon ayewomedikal, te fè konnen okòmansman ekip li a te konte sou kowòdone GPS Anbasad Amerikèn te bay, epi pa gen okenn ladan yo ki te kòrèk. (Anfen li te mande yon ayisyen pou li kondui yon motosiklèt nan vil la, epi retrase kowòdone yo pou yo kapab jwenn enstitusyon medikal yo ak kote sovtaj yo tap fèt la). Harvis ajoute, pat gen okenn lòt doktè militè, ki tap travay nan peyi a pandan premye semèn lan, ki te konnen Ushahidi non plis.<sup>15</sup>

Te gen anpil pwoblèm teknik tou. Genyen estimasyon ki fè konnen mesaj SMS tap pase a 60-70 poustan nan tan an sèlman, epi pa gen okenn jan pou konnen si yon mesaj SMS te rive a destinasyon. Nouvole Ushahidi fè nou wè ke pat gen tan pou bati sistèm segondè. A yon moman, rezo telefòn pòtab la ta rantre nan "mòd mizanvèy" pou ekonomize enèji, epi sa te fè mesaj SMS yo kole, epi aprè sa sistèm lan vinn satire. Pou moun ki tap travay sou platfòm lan, sa te vle di pa gen anyen ki te ka pase pandan kat a sis èdtan, epi answit 2000 mesaj vini alafwa.

Konpayi telefon pòtab ann Ayiti yo ki te deja twò chaje, te oblige mete sistèm yo disponib pou travay pote sekou ki tap fèt la. Men, byen souvan yo pat kapab sipòte volim lan. Nan kèk sikorans, difizyon mesaj MSM yon òganizasyon sekouris sèlman mete yon rezo telefon pòtab an pàn pandan plis pase kat èdtan.



Malgre sa, sekouris yo te itilize SMS ak Ushahidi menm moman yo te rekonèt potansyèl platfòm sa yo. Apre dezoutwa jou, ekip Ushahidi yo te kòmanse wè kèk gwoup anplasman kote ki gen moun epi yo te idantifye kowòdone GPS yo. Ekip rechèch ak sovtaj yo te kòmanse apwoche yo malgre yo pat kapab jwenn kote anplasman yo te ye. Dapre lidè ekip Ushahidi nan Tufts la, "Sou twazyèm jou a, FEMA (Ajans Federal pou Jesyon Kadjans) te rele nou pou yo di nou kontinye fè mapaj la kèlkeswa sa moun di – li sove lavi."<sup>16</sup>

Te gen plizye faktè espesyal ann Ayiti ki te afekte wòl medya a ak teknoloji medikal la te ka jwe. Anpil ladan yo gen pou wè ak vwazen toupwisan Ayiti genyen onò a, Etazini. Nan piò domèn, rapwochman Ayiti ak Etazini te yon gwo (epi vrèman estrawòdinè) avantaj. Imedyatman apre tranblemanntè a, Prezidan Obama te fè yon gwo pwomès pou li sipòte travay pote sekou ki tap fèt la, epi li te fè suivi ak bonjan angajman militè ak diplomatik ki te soti nan Etazini. Toulède bagay sa yo te ogmante kapasite epi yo te konplike kowòdinasyon an. Pou teknoloji nimerik la ak sektè medyatik yo, li te pote enfiyans politik pou sipòte itilizasyon zouti yo, pou li rann enfòmasyon yo te bay la desizyonèl epi pou bay sipò finansye.

Medya Etazini yo te fè anpil repòtaj sou tranblemanntè an, ki fè ke yon kominate donatè endivyuèl ki gen enfiyans nan Etazini, te gen anpil espwa bel efò tap pral fèt. Sa te mete presyon sou gouvènman ameriken an e sektè imanitè a alafwa pou yo montre bèl rezulta. Sitiyasyon an vinn plis komplike tou, pou tèt te gen yon pakèt volontè ki te vini. Ampil nan yo te soti de Etazini, epi yo pat fè pati okenn òganizayson fòmèl e yo pat gen espryans imanitè anvan sa. Te gen ampil konfisyon, ampil travay sekou fèt ki pat nesesè pou tèt travay la te finn fèt déjà. Epi te gen espwa irezonab konsènan kowòdinasyon ak asistans.

<sup>14</sup> Entèvyou pa telefon ak Craig Clarke, Dean Zambrano, 15 desanm 2010.


<sup>15</sup> Entèvyou pa telefon ak Dean Zambrano, 8 desanm 2010.

<sup>16</sup> Tabwonn sou Ayiti, Miami, 24 me 2010.

# Media and Communications Ecosystem

## SMS BROADCASTS

The Haiti relief efforts quickly became a living laboratory for new applications of SMS texting, interactive online maps and radio-cell phone hybrids.




Thomson Reuters Foundation, working with the InSTEED Emergency Information System platform, used the Mission 4636 SMS short code for a **public health-focused SMS broadcast service**, creating a one-way service to send out public health messages to approximately 26,000 subscribers.



## MISSION 4636

\* Later, Samasource took over the bulk of the translation and coding work as a long-term local solution.




Short codes are truncated phone numbers that are easier to remember and use than full-length numbers.

Short Code 4636 is provided as free service by cell phone company Digicel - support provided by State Department, Frontline SMS: Medic and InSTEED. The general population send information via text messages (SMS) using the short-code 4636.

Separate from the Short Code, International Federation of the Red Cross & Red Crescent (IFRC) institutes its own **SMS broadcast system** in partnership with the cell phone company Voila. IFRC issues public health messages on relief services, general health, hygiene, vaccines, sanitation, malaria, and HIV/AIDS and condoms, in both English and Creole. SMS blasts sent to all Voila subscribers.

## Haiti Humanitarian Response

Jan. 12, 2010: A 7.0 magnitude earthquake hits Haiti. An estimated 230,000 people die and more than a million are left homeless.



Two weeks after the earthquake, Crowdflower took over management\* of the message workflow becoming the "switchboard" for Mission 4636.

Messages (triaged with a translation and coordinates) streamed back to relief groups in Haiti. Use of Haitian diaspora to crowdsource translation – volunteers gathered through Union Haiti of Montreal, Service Employees International Union, Crisis Commons camps.

Energy for Opportunity and Stanford University enlist thousands of Kreyol (Creole)-speaking volunteers to translate and categorize SMS messages coming through 4636, while plotting the senders' locations on a map.

Short Code 4636 is provided as free service by cell phone company Digicel - support provided by State Department, Frontline SMS: Medic and InSTEED. The general population send information via text messages (SMS) using the short-code 4636.

Information from local government officials and community and religious leaders was relayed to the general public via press conferences, interviews and field visits.

Information from the general public was conveyed back to the general public. SMS, call-in programs, and open mics at radio stations for people to make announcements and look for relatives and friends.

Radio broadcasts from Port-au-Prince provide most of the local coverage. Signal FM never stopped broadcasting throughout the crisis. Radio One, Radio Métropole, Radio Mélodie and others gradually recovered service.

Newspapers: Earthquake destroyed capacity to produce and distribute newspapers for weeks.

Many organizations supported local media with technical equipment, training, cash grants, facilities.

Show below is a broad overview of five applications of how these media tools were applied to urgent tasks in the aftermath of the earthquake.



Users of the maps included not just information technology platforms such as Ushahidi, but also large providers of humanitarian services:



Humanitarian Open Street Map team (H.O.T.) build a functional dynamic map to help emergency services find their way to affected areas.

Information stream Teams of volunteer translators and coders launch teams@ushahidi.com, a web base platform to parse, sort, and geo-locate data on online maps

Volunteers at Fletcher School at Tufts University organize to provide technical support for an Ushahidi application. Ushahidi @ Tufts establishes a direct live feed that plugs into the information stream from the 4636 Short Code.

GEO-TAGGING

The diagram illustrates the main elements of the media and communications ecosystem, and does not show all the actors involved and the relationships between them. Available only in English.

## CROWDSOURCED MAPS

The crowdsourced maps became the standard/default maps for responders.



Humanitarian Open Street Map team (H.O.T.) build a functional dynamic map to help emergency services find their way to affected areas.

Information stream Teams of volunteer translators and coders launch teams@ushahidi.com, a web base platform to parse, sort, and geo-locate data on online maps


Volunteers at Fletcher School at Tufts University organize to provide technical support for an Ushahidi application. Ushahidi @ Tufts establishes a direct live feed that plugs into the information stream from the 4636 Short Code.

GEO-TAGGING

The diagram illustrates the main elements of the media and communications ecosystem, and does not show all the actors involved and the relationships between them. Available only in English.

# 4.

## Inovasyon



Tranblemanntè Ayiti a kapab te founi yon laboratwa pou inovasyon nan reyakson medya nan kadijans, men li toujou difisil pou bay yon evalyasyon konplè de rezulta yo. Jiskaprezan, pifò òganizasyon ki te patisipe yo ap kolekte enfòmasyon epi evalye rezulta yo. Gen kèk pwojè ki rakonte kèk istwa touchan, men done anpirik yo difisil pou jwenn.

Malgre sa, gen abitid ki te kòmanse parèt. Premye a se enpòtans nouvo teknoloji ibrid la. Depi lontan, radyo se medyòm ki toujou pi popilè ann Ayiti, men yon fwa yo te ajoute penetrasyon telefòn pòtab la, li tounen yon bagay nèf epi entèyaktif. Platfòm mobil la pèmèt kreyasyon chèn reyakson ak konvèrsyon pou bay sekouris yo aksè a vwa popilasyon ki afekte yo. SMS se yon eleman ki gen rapò ak ibrid sa a, men li te gen pwòp enpòtans pa l tou. Sekou SMS pote ann Ayiti te jenere anpil seri done sou ekstènalizasyon ouvè ak mapaj ensidan ki te rive yo, ak demann ki te fèt yo, epi anpil istwa pèsònèl sou valè teknoloji nan entèvansyon nan kadijans.

### Inovasyon pi remakab ki te parèt ann Ayiti yo se:

- Tradiksyon done ekstènalizasyon ouvè an enfòmasyon desizyonèl.
- Itilizasyon difizyon mesaj SMS nan yon moman kriz.
- Ekstènalizasyon ouvè kat reperaj pou aplikasyon imanitè.

### Pase kite done nan ekstènalizasyon ouvè pou rive nan enfòmasyon desizyonèl

Itilizasyon enfòmasyon ekstènalizasyon ouvè pandan entèvansyon nan moman kriz se yon fenomèn ki pratikman nouvo. Nan pifò travay ki te fèt oparavan, yo te kolekte enfòmasyon pi plis pou mete moun okouran, oswa pou eseye konprann kilè, epi ki kote ak poukisa evennman yo rive. Li relativman difisil pou enfòmasyon sa a itil pou entèvansyon reyèl lè gen yon pwoblèm patikilye. Ann Ayiti, pa kontras, gen yon kantite limite sekouris imanitè ki te eseye mete enfòmasyon yo jwenn nan ekstènalizasyon ouvè pou ede yo pran pwòp desizyon pa yo sou ki kote pou yo pote sekou – pou voye ekip rechèch ak sovtaj, pou idantifye biling ki efondre, pou fè livrezon resous. Malgre efò sa yo pat sistemik, detoutfason yo te inovatif.

Ushahidi te itilize enfòmasyon sa a pou kapte, òganize epi pataje enfòmasyon esansyèl ayisen yo tap bay nan mesaj SMS yo te voye sou telefòn pòtab ak nan medya sosyal (pa egzanp, Facebook, Twitter ak blòg yo).

Yon gwoup volontè entènasyonal ki te resevwa rapò sou moun ki te bloke, ijans medikal, ak bezwen patikilye, tankou manje, dlo ak ebèjman, epi ki te mete etikèt sou pozisyon kote mesaj la soti a sou yon kat jewografik an tan reyèl. Ekip tradiktè ak kodè benevòl sa a te rann li posib pou lanse haiti.ushahidi.com,<sup>17</sup> yon platfòm wèb, pou analize, triye, epi jwenn pozisyon jewografik kote done a soti a epi pataje li ak ekip sekouris ki sou plas yo (pa egzanp, ekip rechèch ak sovtaj yo).

<sup>17</sup> <http://haiti.ushahidi.com>. Pou yon deskripsyon konplè pwosesis done ki sikile nan rezo yo, gade Patrick Meier, "Ushahidi & The Unprecedented Role of SMS in Disaster Response," [Ushahid ak Wòl Sanpresedan SMS nan Entèvansyon nan Moman Katastwòf], 23 fevriye 2010, Ushahidi Blog.

Pwosesis sa a te mande kowòdinasyon ant teknològ ki deyò yo ak konpayi telefòn pòtab yo. Kowalisyon an te fòme apati relasyon tanporè òganize sou tchat nan Skype ant FrontlineSMS:Medic, InSTEDD, Ushahidi, ak anpil lòt ankò. Depatman Deta nan Etazini te ofri sipò pou pwojè a depi byen bonè, epi sa te ba li kredibilite esansyèl ak enflyans nan negosyasyon ak konpayi telefòn pòtab nan Karayib la, Digicel. Sa te konvenk li pou l patisipe nan inisyatif nimewotasyon abreje 4636 la.<sup>18</sup>

Se Brian Herbert, ki travay nan Ushahidi, ki te batí entèfas inisyal la, ak asistans Robert Munro ki travay nan Energy for Opportunity (Enèji pou Opòtinite).<sup>19</sup> Li komanse fonksyone apre kèk jou, sou yon platfòm Ushahidi ki te gen yon enstalasyon konsantre espesyalman pou Ayiti. Se Patrick Meier ki nan Ushahidi, ki te inisy e kowodone tradiksyon ak kodaj ki te fèt avek volontè nan Fakilte Fletcher pou Dwa ak Diplomasi nan Inivèsite Tuft nan Boston. Yo te travay sou non Ushahidi @ Tufts. Lòt volontè te reyini pa mwayen kan Crisis Commons,<sup>20</sup> Service Employees International Union (SEIU), ak anpil lòt òganizasyon toupatou sou latè.<sup>21</sup> Gras a efò kolektif yo, te gen 1500 mesaj ki te kode pandan 2 premye semèn yo.

De semèn apre tranblemanntè a, konpayi CrowdFlower ki fè travay-sou-demann lan te pran jesyón dewoulman travay volontè yo pou "tradui, klasifye, epi kode mesaj yo dapre pozisyon jewografik." Konsa li te tounen "estandardis" pou Misyon 4636<sup>22</sup> la. Sa te ede garanti yon platfòm ki pi gwonèg e pi an sekirite.

## Kazyé: Ekstènalizasyon Ouvè

Yon kowalisyon volontè, òganizasyon ak konpayi teknoloji te reyini pou kowòdone pakèt rapò ekstènalizasyon ouvè pou jwenn enfòmasyon desizyonèl. Anpil inisyatif te kolabore epi yo te pataje done pou travay sa a. Nan gwoup sa a te gen: Digicel, Voilà, Depatman Deta Ameriken, Ushahidi, InSTEDD, FATEM, UnionHaiti, CrowdFlower, Samasource, 1000 Jobs/Haiti, FrontlineSMS:Medic, Fondasyon Thomson Reuters, Komite Entènasyonal Lakwa Wouj ak Kwasan Wouj (ICRC), Sahana, Enèji pou Opòtinite, Microsoft Research, ak Crisis Mapping Net.



<sup>18</sup> Entèyou, Katie Stanton ak Katie Dowd, Jen 2010. Entèyou, Josh Nesbit, jen 2010.

<sup>19</sup> [www.energyforopportunity.org/](http://www.energyforopportunity.org/).

<sup>20</sup> Crisis Commons se yon "kominate tèt ansamm" ki kompoze ak: volontè, organizasyon entèvansyon nan kriz, ajans entènasyonal sekou imanitè, ONG, ak sèktè prive." Kan kriz yo "inifye kominate yo, chache pwen dantant, e kiltive inovasyon nan itilizasyon teknoloji pou deplasman ak efikasite lè gen kriz. <http://crisiscommons.org/about-us/>.

<sup>21</sup> <http://crisiscommons.org/>. Entèyou, Chris Csikszentmihaly, MIT Center for Future Civic Media, jen 2010. Gade "Ushahidi & The Unprecedented role of SMS in Disaster Response," *Ibid*.

<sup>22</sup> Lukas Biewald, "Crowdsourcing the Haiti Relief," The CrowdFlower Blog, January 29, 2010, <http://blog.crowdflower.com/2010/01/crowdsourcing-the-haiti-relief/>.

<sup>23</sup> "The Heart and Soul of Mission 4636," [Kè ak Nam Misyon 4636], Misyon 4636, 10 fevriye 2010, [www.mission4636.org/heart-and-soul/](http://www.mission4636.org/heart-and-soul/).

Pita, Samasource, yon konpayi ki fè sèvis soutretan pou lòt konpayi, te etabli yon patenarya pou travay ann Ayiti ak 1000 Jobs/Haiti nan Mibalè. Yo te pran responsabilite pou fè pifò nan travay tradiksyon ak kodaj la, depi apeprè twa semèn apre tranblemanntè a, kòm yon solisyon lokal alontèm.<sup>24</sup>

Aktivite sa te siyale 2 lòt efò: itilizasyon dyaspora ayisyèn lan pou fè ekstènalizasyon ouvè nan tradiksyon, epi mete volontè yo travay ak done yo jwenn nan nivo lokal la pou mete popilasyon sou kat yo kreye apatide kote ki byen lwen.<sup>25</sup> Travay ak dyaspora a ansanm ak volontè nan teknoloji yo te kreye yon solisyon pou rasanble ak analize yon gwo kantite done, konble yon vid estriktirèl nan jesyon done, epi pèmèt yo travay sou enfòmasyon kap vini nan mesaj SMS ak lòt sous yo byen vit.<sup>26</sup> Yo te rele travay kolektif la Misyon 4636. Sitwèb Haiti.ushahidi.com lan te fini pa anrejistre plis pase 3.500 mesaj li te resevwa, ak 2.227 mesaj yo te resevwa pa SMS.<sup>27</sup>

Yon òganizasyon ki te itilize done yo se Sahana, yon sistèm lojisyl ouvè pou jesyon katatwòf ki te parèt ankonsekans travay sovtaj ki fèt lè te gen sounami an. Fondayson Thomson Reuters te yon lòt, ki te mete nouvèl ajou disponib pou pèp ayisyen an ak anpil sekouris imanitè tou.

Lè w reflechi sou espryans Ayiti a, gen plizyè pwen ki vin klè. Li te enpòtan pou tabli sistèm komunikasyon byen vit apre tranblemanntè a te frape, pou ofri pi gwo posiblite ki genyen pou sekouris yo bay sipò nan premye jou kritik yo. Se volonte konpayi telefòn pòtab ann Ayiti yo ki te fasilite rapidite mizannaplifikasyon an paske yo te pèmèt itilizasyon nimewotasyon abreje SMS gratis pou mesaj imanitè. Malgre sa, li enpòtan pou remake ajans ki te fe mizannaplifikasyon yo pat tèlman itilize premye enfòmasyon inisyal yo, apade pou entèvni nan ensidan endividiyèl. Rasin lan se nan gwoup teknoloji yo ki pat gen ase relasyon ki te deja etabli, epi ki pat fin konpreyann fòma enfòmasyon òganizasyon imanitè yo konn itilize. Se sèlman pita òganizasyon imanitè yo te vin kapab wè klè kèk tandans apatide regwoupmans mesaj endividiyèl yo.



## Itilizasyon difizyon mesaj SMS nan moman kriz

Ka Ayiti a ofri yon egzanp estrawòdinè sou kouman lè yo deplwaye SMS kòm yon sistèm inidireksyonèl e bidireksyonèl alafwa. Sa vle di plizyè aplikasyon remakab kote yo itilize SMS pou difize mesaj sante publik an mas.

Fondasyon Thomson Reuters, te travay ak InSTEED Emergency Information System, epi li te itilize nimewotasyon abreje SMS pou Misyon 4636 la pou yon sèvis difisyon enfòmasyon pa SMS ki konsantre sou sante publik. Avèk sa, li te kreye yon sèvis inilateral pou voye mesaj sou lasante publik bay apeprè 26.000 abòne.<sup>28</sup> Fondasyon an te kreye yon lis abònman avèk moun ki te voye mesaj SMS nan 4636 yo, ansanm ak yon kanpay pwoksimite publik pa mwayen mesaj SMS, radyo ak bouch a bouch. Mesaj yo te konsantre sou nesesite medikal debaz tankou ijyèn, ebèjman, ak sekirite.<sup>29</sup>

Byenke Misyon 4636 la te reyalize enpil siksè e nan sistèm komunikasyon inidireksyonèl e bidireksyonèl alafwa, nou vinn wè ke yo pa dwe itilize menm kòd la pou toude objektif yo. Ayisyen ki tande rapò ke yo te kapab mande ed nan 4636 te vexe lè li te parèt ke mesaj an sansinik tounin vinn jwenn yo.

Anplwaye sivil nan Marin lan, Craig Clarke, te jije espryans sa a se yon obstak grav. Sitwayen voye mesaj SMS nan nimewotasyon abreje 4636 la pou alète lòt konsènan dlo, manje ak swen medikal yo bezwen sou plas. Sa sitwayen ayisyen yo te atann se lè yo fè konnen kisa yo bezwen pa mwayen nimewotasyon abreje a, gwoup sekouris yo ansanm ak Kò Marin Amerikèn lan tap rive devan pòt lakay yo ak asistans yo te mande a. Konsa, nan opinyon chak sitwayen, estrateji nimewotasyon abreje pou asistans lan te "kontamine".<sup>30</sup>

<sup>24</sup> Leila Chirayeth Janah, "Samasource and CrowdFlower in Haiti, Rebuilding After a Crisis," [Samasource ak CrowdFlower ann Ayiti, Rekonstriksyon Apre yon Kriz], *Huffington Post*, 17 janvye 2010, [www.huffingtonpost.com/leila-chirayath-janah/samasource-in-haiti-rebui\\_b\\_426311.html](http://www.huffingtonpost.com/leila-chirayath-janah/samasource-in-haiti-rebui_b_426311.html). Gade tou [www.1000jobshaiti.org/1000jobshaiti/home.asp](http://www.1000jobshaiti.org/1000jobshaiti/home.asp).

<sup>25</sup> Snoad, entèvyou.

<sup>26</sup> Nathan Hodge, "Texts, Tweets Saving Haitians from the Rubble," [Teks, Tweets Sove Ayisyen nan Dekonm] "Danger Room, *Wired.com*, 21 janvye 2010, <http://www.wired.com/dangerroom/2010/01/texts-tweets-saving-haitians-from-the-rubble/>.

<sup>27</sup> <http://www.mission4636.org/> ak <http://haiti.ushahidi.com>.

<sup>28</sup> "Emergency Information Service helps thousands in Haiti: Text your location to 4636 to register," [Sèvis Enfòmasyon Ijan ede dèmilye Ayiti] Reuters Alertnet, 20 janvye 2010, [www.alertnet.org/theneWS/newsdesk/126400923428.htm](http://www.alertnet.org/theneWS/newsdesk/126400923428.htm).

<sup>29</sup> Anastasia Maloney, entèvyou, jen 2010. "Telephone survey of subscribers to the emergency SMS 4636 service," [Sondaj pa telefòn ak abòne nan sèvis SMS 4636 nan kadijans] *Ibid.*

<sup>30</sup> Entèvyou pa telefòn ak Dean Zambrano, desanm 2010.

Sou bò pa yo, gwooup medyatik yo te ka kolekte done, men yo pat ka bay èd, epi yo te gen kominkasyon iregilye ak òganizasyon sekouris ki te kapab fè l. Menm jan yon moun ki travay nan medya te remake ke "ak 4636 la, gen konfizyon – pèp la ta di, w ap di m ou kapab ban m èd, men sèl sa m jwenn se kouman pou m lave men mwen yo. Systèm la te bouche tou – yo pa jwenn mesaj pandan ampli jou, apre sa yo jwenn sèt mesaj alafwa."<sup>31</sup>

Men Thomson Reuters te vle pou platfòm pal l la inidireksyonèl depi nan kòmansman; malantandi pèp la te soti nan itilizasyon menm nimewotasyon abreje a pou 2 objektif apa. Malgre konfizyon sa a, kanpay sante publik sou SMS la sanble li te pote rezulta pozitif anjeneral. Nan mitan mwadavril 2010, Thomson Reuters te sipòte yon sondaj pa telefòn ak 450 abòne. Se yon konpayi ayisen, Centre de Formation et d'Encadrement Technique (CFET) ki te fè sondaj la, pou li evalye enpak sèvis SMS la te fè. Li te rapote reyakson pozitif abòne yo: plis pase 97 poustan te di enfòmasyon yo te resevwa nan sèvis SMS 4636 la te "pratik" e "fyab", prensipalman enfòmasyon sou lasante a. Sa k te pi enpòtan, 74 poustan nan abòne yo te di yo te chanje konpòtman dapre enfòmasyon yo te bay nan yon mesaj SMS 4636.<sup>32</sup>

Federasyon Entènasyonal Lakwa Wouj (IFRC) te mete pwòp sistèm difisyon SMS pa li sou plas, depi twa semèn apre tranblemannè a, an patenarya ak Voilà, yon konpayi telefòn pòtab. Li te pibliye mesaj sou sante publik sou sèvis kap bay sekou yo, lasante anjeneral, ijyèn, vaksen, sanitasyon, malarya, ak VIH/SIDA ak kapòt, e ann angle e an kreyòl alafwa. Li te fè piblisite pou sèvis pa mwayen esplozyon SMS nan men konpayi ki bay sèvis la, epi yo te voye mesaj yo bay tout abòne Voilà yo, olyede yon lis nimewotasyon abreje sou abòne yo. Anplis, IFRC te voye 12 milyon mesaj. Men, te manke kowòdinasyon nan efò paralèl yo. IFRC ap patisipe nan menm tip efò sa yo depi plizyè ane, epi gen kèk nan òganizasyon yo pat gen enfòmasyon egzakt sou pase li.

IFRC te pran prekosyon pou evite tou espwa yo ta ka trete difizyon publik SMS la tankou yon liy telefòn pou bay ransèyman, piske li pat gen kapasite pou komunikasyon SMS bidireksyonèl. Pou komunikasyon bidireksyonèl, IFRC te konte sou megafòn nan kan yo ak entèyakson fasafas ak volontè yo. Li te tabli yon nimewo telefòn gratis pou enfòmasyon, okòmansman sou 40 liy, piske liy yo te tèlman okipe toutan pandan 3-4 premye semèn yo, yo te vin ajoute yon lòt 20 liy anplis.

## Potansyèl ak preyokipasyon nimewotasyon abreje a

Zouti ki base sou SMS yo te demontre yon gwo potansyèl pou sipòte siveyans ak responsabilite nan jan yo bay sèvis la. Malgre mekanis sa yo te bay moun plen pouvwa nan yon moman kriz, yo kapab difisil pou ajans sèvis yo, ki oryante nan itilizasyon zouti pou siveye tèt yo, pa pou yo sou siveyans moun ki resevwa zouti yo.

Kesyon siveyans lan soulve nan kontèks differan nan domèn sekirite ak konfidansyalite, epi nenpòt moun ki chèche agrandi wòl SMS ak platfòm alye yo dwe kenbe preyokipasyon sa yo an tèt. Nan anpil peyi, moun ki nan plis bezwen yo kapab ekspoze tèt yo a pi gwo danje lè yo fè konnen ki konte yo ye oswa lòt enfòmasyon prive. Ann Ayiti, anpil nan preyokipasyon sa yo gen pou wè ak lè timoun itilize nouvo platfòm yo, menm òfelen tou. Yon moun kapab imajine lòt sitiyasyon kote si lapolis ak militè gen aksè nan enfòmasyon an, sa kapab gen efè alontèm sou sekirite. (Se yon bagay ki ta ka vre nan anpil moman nan istwa Ayiti).

## Ekstènalizasyon ouvè kat reperaj pou aplikasyon imanité

Youn nan pi gwo pwoblèm ki genyen nan pote sekou nan moman kriz nan peyi an vwa devlopman se jwenn pozisyon jewografik ki pa parèt sou okenn kat. Nan kèk sikostans, kat yo pat janm fèt; nan lòt sikostans popilasyon riral la te mete kò yo an foul nan zòn lavil la tèlman vit, kifè kat ki te finn fèt yo pèdi itilite yo byen vit.

Gen yon lòt devlopman nan teknoloji enfòmasyon ki te adresse pwoblèm sa yo ann Ayiti. Se inisyativ pou mapaj ann Ayiti a, OpenStreetMap (OSM) avèk itilizasyon done ekstènalizasyon ouvè.


OpenStreetMap konsevwa kat gratis e ouvè toupatou sou latè. Se volontè ki fè sondaj ak GPS ki batí yo nèt, ki nimerize imaj ayeryèn, epi ki kolekte done jewografik nan sous publik ki egziste yo. Nan anpil kote sou latè, OSM ede kominote ki neglige yo jwenn sèvis publik pratikman paske yo "mete yo sou kat la". Lè tranblemannè Ayiti a te fèt la, OSM te déjà kòmanse rann ekip sekouris OpenStreetMap [Kat Lari Ouvè] (H.O.T.) a ofisyèl pou ede sèvis dijans jwenn kouman pou yo rive nan zòn ki afekte yo. Ensidan ki te pase anvan te demontre nesesite pou mapaj nan moman kriz, antrot Siklòn Katrina jiska sounami azyatik an 2004 la, se yo ki te motive kominote OSM lan depi anvan.<sup>33</sup>

<sup>31</sup> Tabwonn sou Ayiti Roundtable, Miami, 24 me 2010.

<sup>32</sup> Anastasia Maloney, entèyou pa imèl, septanm 2010.

<sup>33</sup> Mikel Maron, entèyou, jen 2010. [http://wiki.openstreetmap.org/wiki/Humanitarian\\_OSM\\_Team](http://wiki.openstreetmap.org/wiki/Humanitarian_OSM_Team).

Premye defi OSM te genyen ann Ayiti te soti nan nesesite pou imaj te egzije pou trase kat ki òdinèman aktive si gen yon chat pou katastwòf. Pat genyen ki te disponib pou kominate imanitè a, epi gen anpil restriksyon nan itilizasyon li. Okòmansman OSM pat tèlman gen aksè nan done, epi pat gen katograf ki te baze ann Ayiti. Pakonsekan, premye kat laté batí byen lwen, epi li pat gen twòp detay ladan.<sup>34</sup>



Detay de kat la ki montre done lari an Ayiti.  
©2010 CC-BY-SA OpenStreetMap contributors

Men, OSM te vinn jwenn aksè ak anpil sous ki bay anpil detay, done ki òdinèman sou kontwòl, nan men National Oceanic and Atmospheric Administration [Administrasyon Nasyonal Oseyanik ak Atmosferik] (NOAA), Geo-Eye, Google, Bank Mondyal, Digital Globe, satelit ImageSat Eros-B, CNES Spot Image, JAXA/ALOS, ak anpil lòt ankò.<sup>35</sup> Enfomasyon sa yo te komplete ak done ke volontè ayisyen te bay ak dispozitif GPS pòtab ki te nan men yo.

Yon fwa yo fin gen aksè nan kat ki te sou kontwòl anvan yo te trase yon kat fonksyonèl dinamik, vèsyon OSM lan te touen kat estanda pou sekouris yo. Se pa platfòm teknoloji enfòmasyon, tankou Ushahid, yo te itilize sèlman, men yo te itilize gwo òrganizasyon sèvis imanitè yo tou, pa egzanp UNISAT, UNOCHA, ak IFRC.

Pwojè sa a demontre efikasite ki genyen nan itilizasyon done ekstènalizasyon ouvè pou kreye kat reperaj. Gen defi nan estrikti yo alontèm si yo ta repwodui li yon lòt kote. Men anreyalite, defi sa yo mwen teknik pase kiltirèl, òganizasyonèl, ak politik.

Defi sa yo souve yon keyson, èske òganizasyon imanitè yo kapab adapte epi enkopore apwòch la nan konsepsyon pwogram yo. Se sak fè OSM ap konsantre sou etablisman yon ekip imanitè pou OpenStreetMap (H.O.T.). Menm jan sitwèb pa li di, "Pou l jwe wòl li kòm entèfas tout kote volontè ak kominote imanitè rankontre, H.O.T. bezwen mete pwòp kay pa li annòd." Sa vle di bonjan etablisman antanke òganizason, swa kòm yon antite endependan oswa sou titèl yon ONG ki pote sekou, yon ajans oswa yon inivèsite."<sup>36</sup>

## Entèvansyon imanitè medya a ak kowòdinasyon lokal

Medya ayisen lokal la te ede konekte òganizasyon entènasyonal ak pèp ayisen an. Anretou, itilizasyon enfòmasyon imanitè ann Ayiti a te remakab poutèt preparasyon li, rapidite entèvansyon ki te fèt la, epi esè pou entegre li nan kilti popilasyon lokal la. Li te sèvi ak rezulta sondaj sou opinyon publik depi byen bonè epi li te kreye CDAC kòm yon mekanis pou kowòdinasyon ak mizannaplikasyon.


Gen plizyè òganizasyon ki te konsantre sou sipòte inisyativ medyatik imanitè lokal yo, tankou Internews, IMS, Asosyasyon Mondyal Kwonikè Radyo Komìnòtè (AMARC), Federasyon Intènasyonal Jounalist (IFJ) ak Repòtè san Fontyè. Gwoup sa yo te bay kote pou journalis (pa egzanp, Centre de Presse of RSF), sibvansyon lajan kach, epi ekipman teknik ak fòmasyon.

Internews te fè yon entèvansyon a plizyè volè. Òganizasyon an te deja gen finansman Fondasyon MacArthur te deja ba li, epi prèske imedyatman li te jwenn lòt sipò anplis nan men Fondasyon Knight, epi lòt bayèdefon tou. Sa te pèmèt li jwenn yon gwoup pwofesyonèl nan enfòmasyon ki fè sèvis imanitè, e ki te byen ekipé, ki te rive ann Ayiti anvan yon semèn apre tranblemanntè a. Yon fwa ekip la te rive, yo te itilize finansman yo pou travay ak jounalis ayisyen, pou kreye program de difizyon ki komanse difize anvan twa jou apre ekip la rive. Finansman fondasyon a te siplemente byen vit pa finansman enstitisyonèl de Biro Inisyativ Tranzisyon nan USAID, ak Fon Entevansjon Ijens ki gere pa UNOCHA. Finansman sa yo (ki piblik e prive) te itilize tou pou ankouraje kominote imanitè a pou li angaje dyalog ak pèp ki te afekte a, epi pou louvri lòt rezo komunikasyon.

<sup>34</sup> [http://wiki.openstreetmap.org/wiki/WikiProject\\_Haiti#2010\\_Earthquake\\_Response](http://wiki.openstreetmap.org/wiki/WikiProject_Haiti#2010_Earthquake_Response).

<sup>35</sup> [http://wiki.openstreetmap.org/wiki/WikiProject\\_Haiti/2010\\_Earthquake\\_Response](http://wiki.openstreetmap.org/wiki/WikiProject_Haiti/2010_Earthquake_Response).

<sup>36</sup> [http://wiki.openstreetmap.org/wiki/Humanitarian\\_OSM\\_Team/Haiti\\_Strategy\\_And\\_Proposal](http://wiki.openstreetmap.org/wiki/Humanitarian_OSM_Team/Haiti_Strategy_And_Proposal).



Le 21 janvye Intènews te prepare yon pwojè pou fè repòtaj imanité, *Enfòmasyon Nou Dwe Konnen*, ([www.endk.info](http://www.endk.info)). Cho a te kòmanse nan onz estasyon ki te kapab difize lè sa a, epi li te rapòte enfòmasyon esansyèl konsènan kote ki gen distribisyon dlo, kondisyon moun ki te al abite nan kan yo, ap konsèy sou sante publik. (Tout estasyon sa yo te afekte, epi yo te pèdi jounalis, manm nan fanmi yo ak kay yo). Eksepte Signal FM, estasyon sa yo te fèmen pandan yon peryòd tan, epi yo te tounen ouvri nan pwochen 10 jou apre tranblemanntè a. Estasyon ki te reprann sèvis yo te bezwen travay sou kouran jeneratè paske konpayi elektrisite nan vil la potko restore. Gen lòt estasyon anplis ki te rekòmanse difize pandan tan sa a, men yo pat difize premye pwogram *Enfòmasyon Nou Dwe Konnen* an.

Pifò estasyon te pase pwogram lan imedyatman CD yo te rive. Li pat pran anpil semèn pou pwogram lan te disponib nan apeprè 27 estasyon epi li te disponib sou RFI depi kèk semèn.<sup>37</sup> Internews te distribye 9.000 aparèy radyo gouvenman ameriken an te fè kado.<sup>38</sup> Internews te fè sondaj, entèyou dirèk, gwoup travay, sondaj ki te fèt ak oditè yo, ak done sou nesesite yo reyini nan enfòmasyon ki resevwa nan SMS, epi estasyon radyo yo te fè pledwaye sou baz sa. Sa te fòme yon liy debaz pou analize rechèch ki tap kontinye fèt sou oditè yo.<sup>39</sup>

IMS te voye yon ekip ann Ayiti pou ede viktim tranblemanntè yo. Ansanm ak CartONG ONG, IMS te fè schema nesesite pou sipò nan enfrastrikti komunikasyon ann Ayiti. Yo te mete done yo te jwenn yo nan yon kat entèyaktif nan Google Earth. IMS te tabli Sant Medya Baz Lambi a nan Pòtoprens pou resevwa Asosyasyon Jounalist ann Ayiti (AJH), Gwoup Medya-altètanif (GMA) ak SOS-Jounalist, ki te pèdi biwo yo nan tranblemanntè a.

AMARC te fè yon evalyasyon ijan sou kondisyon radyodifizyon kominotè nan zòn tranblemanntè a afekte yo, epi li te mobilize resous ak asistans teknik pou sipòte enpe ladan yo. Gwoup la te estime te gen omwen douz estasyon radyo kominotè nan zòn lan ki te soufri destriksyon ki pi grav la pandan tranblemanntè a. AMARC te fè demann pou tan sou antèn radyo epi li te mennen lòt aktivite pou li te ka reyini kwonikè radyo nan kominote a pou sipòte travay pou pote sekou òganizasyon entènasyonal tap fè a epi li te bay asistans dirèk (tankou ekipman kòm donasyon ak finansman) pou kominote kwonikè radyo tranblemanntè a te afekte yo.

Toudabò RSF te tabli yon ti sant komunikasyon dijans nan Pòtoprens pou ede jounalist fè repòtaj epi ede bay popilasyon

an asistans. Sant lan te gen konpitè pòtatif, telefòn mobil ak jeneratè Quebecor te bay. Okòmansman se nan Anbasad Kanada ann Ayiti li te ye, epi pita li demenaje pou li ale nan yon bilingd nan Boudon (kote biwo CDAC ann Ayiti te vin jwenn li pita). Koulyeya sant lan gen ven estasyon kap fonksyone, yon sal konferans, epi yon koneksyon rapid sou entènèt. Li prezante pwogram fòmasyon epi evennman “entèyou ak laprès” ant moun kap fè sèvis imanité ak medya lokal e se CDAC ki òganize yo.

IMS, ansanm ak AMRAC, Internews, ak Asosyasyon Jounalist Ayisyen, ap travay sou sondaj ak evalyasyon tout bezwen pou rekonstriksyon ak devlopman medya ayisen yo nan lavni.

## Kowòdinasyon pou bati yon platfòm pou jwenn moun

Youn nan travay ki pi ijan apre nenpòt katastwòf se jwenn moun ki absan yo. ICRC te fè kalite rechèch sa yo pandan plizyè ane nan zòn diferan kote ki te gen katastwòf epi li te bati yon sitwèb ki toujou egziste. Malgre sa, apre tranblemanntè Ayiti a, gen yon kantite gwoup diferan ki te kreye nouvo sit ak aplikasyon endependan pou òganize enfòmasyon sa a. Ladan yo te gen The New York Times, CNN, Haitian Earthquake Registry (Rejis pou Tranblemanntè ann Ayiti a) ([haitianquake.com](http://haitianquake.com)), The Miami Herald ak Google.<sup>40</sup>

Anvan dezoutwa jou, li te vin klè ke efò sa a yo pat nesesè epi yo te ka twoublan paske yo chak te eseye rezoud menm pwoblèm nan poukонт yo, yo te manke estanda kòmen pou kodaj, epi yo pat pataje enfòmasyon ak lòt travay ki tap fèt yo.

<sup>37</sup> Yves Colon, “Haiti tunes in and moves on,” [Ayiti mete tèt li alekout epi li demare] Global Journalist, 26 me 2010, [/www.globaljournalist.org/stories/2010/05/26/haiti-tunes-in-and-moves-on/](http://www.globaljournalist.org/stories/2010/05/26/haiti-tunes-in-and-moves-on/). “Haiti: Partnership between Internews and Radio France Internationale,” Internews Europe [Ayiti: Patenrya ant Internews ak Radyo Frans Entènasyonal, Entènews Ewòp], [www.internews.fr/Haiti-Partenariat-Internews-Radio,498](http://www.internews.fr/Haiti-Partenariat-Internews-Radio,498).

<sup>38</sup> Quintanilla, *Ibid*.

<sup>39</sup> Tout rapò ki piblise yo disponib sou sitwèb CDAC ([www.cdac-haiti.org/resource/research](http://www.cdac-haiti.org/resource/research)).

<sup>40</sup> Entèyou ak, Katie Stanton ak Katie Dowd, jen 2010. Entèyou, Chris Csikszentmihalyi, jen 2010. Julie Moos, “Google Centralizes Haiti People Finder; News Sites Share Data,” PoynterOnline, 18 janvye 2010, [www.poynter.org/column.asp?id=176027&id=101](http://www.poynter.org/column.asp?id=176027&id=101).

Tim Schwartz te kreye haitiquaken.com e se te premye sistèm sou entènèt la ki te itilize People Finder Interchange Format [Fòma pou Echanj Done pou Jwenn Moun] (PFIF). Se apre Siklòn Katrina yo te kreye li. Byen vit, teknològ ki te patisipe yo (ladan yo te gen Schwartz ak Chris Csikszentmihalyi ki travay nan Center for Future Civic Media of MIT [Sant pou Medya Sivik nan Lavni nan MIT], ak ankourajman Kati Stanton, ki tap travay pou Depatman Deta Ameriken lè sa a) te reyalize li tap pi efikas pou mete plizyè pwojè nan yon sèl sistèm.

Menm jan Schwartz te fè konnen “lide pou itilize Google la se te paske tout moun konn Google, konsa nou tap ka konvenk lòt gwo zozoun yo (The New York Time, Miami Herald, Facebook, CNN) pou yo rantre nan yon sistèm si Google tap sipòte li. Li te sèlman yon kesyon gwoponyèt nan endistri a. Nou te bay Google bazdone ak mizajou nan bazdone pandan tout katastwòf Ayiti a ak vèsyon ajou nan done ICRC yo (gras a ekip UC Irvine ak Chen Li an), epi nou te kreye sistèm pou tretman done san forma nou te jwenn nan CNN ak mesaj gwoup diskisyon pibliye pou volontè kominate ayisyèn lan te fè.”<sup>41</sup>

Koulyeya zouti inifye a, ki nan òdinatè prensipal nan Google, reyitilizab, ekstansib, e fonksyonèl ann angle, franse, kreyòl ak panyòl.<sup>42</sup> Yo itilize li tou pou fè jwenn moun ki te manke apre tranblemannè Chili a. Men yo ta kapab fòtifye pwosesis la pi plis toujou si yo ta amelyore komunikasyon ak konsiltasyon ant ICRC ak lòt òganizasyon yo.



<sup>41</sup> Entèvyou pa imèl ak Tim Schwartz, 23 desanm 2010.

<sup>42</sup> <http://haiticrisis.appspot.com/>.

<sup>43</sup> Sitwèb CDAC: [www.cdac-haiti.org](http://www.cdac-haiti.org).

<sup>44</sup> Entèvyou Jacobo Quintanilla, me 2010.

## Kowòdinasyon ant sektè yo

CDAC se yon lòt inovasyon yo te aplike ann Ayiti pou lapremye fwa tou. Nan ane pase anvan tranblemannè Ayiti a, yon gwoup òganizasyon imanitè ak devlopman medya te devlope CDAC pou prepare pou katastwòf ki ka fèt nan lavni. Nan gwoup lan gen UNOCHA, Internews, BBC World Service Trust, Fondation Thomson Reuters, Save the Children, Lakwa Wouj Ilandèz, Lakwa Wouj Britanik ak IMS.<sup>43</sup> CDAC pat patisipe ofisyèlman nan entèvansyon pou katastwòf la anvan tranblemannè Ayiti a, men manm li yo te deside byen vit pou yo itilize mekanis lan pou eseje kowòdone pwòp entèvansyon pa yo.

Kowòdinasyon CDAC a te ede presipite mizannaplikasyon pwojè yo paske yo te pèmèt sekouris yo pataje plan yo, etabli rapò ak òganizasyon imanitè yo, epi prezante yon travay lojik e finanse bay asosye ki potansyèl yo nan medya ayisen an.

Òganizasyon ki manm CDAC yo te ateri ann Ayiti dezoutwa jou apre tranblemannè a, epi byento yo te kòmanse fè sondaj travay la, konsevwa pwogram, ak kowòdinasyon imanitè. CDAC konnen pwoblèm sistemik mank konfyans ki genyen nan mitan moun kap fè mizannaplikasyon yo, epi ant moun kap fè mizannaplikasyon yo, gouvènman an, ak medya. Li chèche bese tansyon epi li ankouraje dyalòg ant sektè sa yo.<sup>44</sup>

Pa respè pou valè CDAC, UNOCHA te mande Internews pou li pran responsabilite pou gwoup travay komunikasyon benefisyè ki te fenk kreye a pou travay kowòdinasyon imanitè a anjeneral. Sa vin mete enfòmasyon imanitè a nan nannan entèvansyon an olye pou li te rete sou kote, epi sa te pèmèt yon relasyon kontinyèl ant òganizasyon enfòmasyon imanitè yo ak lòt sekouris yo, e menm gouvènman Ayiti a.

Anplis, UNOCHA mete CDAC nan vokabilè pèsònèl deplwaye yo, presizeman pou bay ide komunikasyon benefisyè a ampil èmpotans. Chanjman enstitisyonèl sa a te matche ak pwomosyon CDAC nan wòl prensipal nan yon regroupman, epi li te garanti UNOCHA tap mete pèsònèl anplas pou fè entèvansyon nan enfòmasyon an fonksyon. OCHA te jwe yon wòl kowòdinasyon nan nivo katyeneral yo pandan twa premye mwa entèvansyon an, li te fè reyinyon regilye ak gwoup CDAC a nan nivo mondal, epi li te konsantre sou garanti pi bon kowòdinasyon ki genyen an sou plas ann Ayiti.

## Enplikasyon ak Pwochen Etap yo



Pwogrè nan komunikasyon imanité mande patisipasyon yon eleman doub, teknoloji ak kominate - menm jan ak limitasyon yo. Anpil pwoblèm te prezante sèlman paske pat gen ase abitid ant kominate ki te patisipe yo, e ki te pataje yon misyon kòmen men ki pat genyen yon langaj kòmen. Jiska prezan, kominate ki bay èd la pa benefisyé de opòtinite pou reyini otorite anchèf nan travay pote sekou kap fèt la pou yo ta gen yon chitatande fran e pwodiktif. Yon reyinyon konsa ta dwe gen patisipasyon reprazantan fòs lame, òganizasyon imanité, gwoup asistans medyatik, ak medya ayisen ak sosyete sivil la. San tout seri patisipan sa yo, nou pap kapab byen idantife ni bél realizasyon yo ni obstak ki rete yo.

Se nesesite pou bay asistans nan yon moman ijan ki te pouse entèvansyon ann Ayiti a. Nan tout zouti ki disponib pou enfòmasyon imanité yo, se radyo ki te mwayen pi efikas pou pataje enfòmasyon ak kominate a, epi ou pwopaje enfòmasyon bay popilasyon ki afekte yo.

Mesaj SMS te yon lòt sous enfòmasyon enpòtan pandan katastwòf la, men li te gen limitasyon grav. Longè mesaj kout yo te vle di tèks yo pafwa te yon sous pou konfizyon ak malantandi. Radyo te ofri pi plis enfòmasyon ki bay pi plis detay pase sa tèks ta kapab ofri, epi radyo te facilite dyalòg an tan reyèl, epi moun ki rele nan telefòn yo te ka jwenn yon repons touswit nan men kwonikè radyo yo.

Nimewotaj abreje SMS yo, tradiksyon distribye, epi mapaj te definitivman itil ann Ayiti, epi esperyans lan sijere ke si yo te aplike pi sistematikman, yo ta kapab kontribye pi plis nan pwochen kadijans lan. Pou sa fèt, dwe gen plis dyalòg ant medya, sektè imanité, ak gouvènman. Òganizasyon antèt nan efò pou rechèch ak sovtaj yo, ansanm ak militè Ameriken, te gen yon konesans limite sou novo zouti yo; gen kèk òganizasyon imanité ki pat konn anyen ditou.

Li pa probab ke yon sèl zouti invèsèl pral parèt pou rezoud pwoblèm bezwen ki genyen pou enfòmasyon imanité. Olye sa fèt, nou dwe atann aske evolisyon rezo ak kominate rete differan, ansanm ak plizyè zouti ak solisyon. Nou dwe espere pou nou konsevwa pwoesis ki daplon, ki esktansib, epi ki disponib pou pwochen kriz la.

Byenke inovasyon nan medya ann Ayiti te gen pratikman yon ti enpak lè sa a, mizannaplifikasyon yo bay prèv motivan konsènan potansyèl yo. Sitwayen yo twouwe li pi fasil toujou pou jwenn aksè nan medya nimerik epi pou kreye novo platfòm. Nuevo patenarya dwe fèt koulyeya, pou lye sipò yo a efò imanité ki pral fèt nan kriz kap genyen nan lavni yo.

# Konstatasyon

Gen omwen 2 konvèsesyon apa kap fèt sou wòl medya ak teknoloji nan moman kriz. Youn konsantre sou komunikasyon ak kominote ki afekte yo; lòt la konsantre sou itilizasyon teknoloji pou jere epi amelyore entèvansyon imanitè.

Si sektè teknoloji a dwe kontinye travay nan domèn entèvansyon imanitè, lap bezwen adrese difikil ki genyen nan travay ak òganizasyon imanitè, san li pa blye fyabilite, pwofesionalism, rekonesans prensip imanitè yo ak nesesite pou respekte yo, epi pou rann relasyon yo ofisyèl. Relve defi yo ap esansyèl pou balanse e entegre teknoloji nouvo yo.

Men, sa pral mande pou toude pati yo kraze baryè kilti a. Apati pèspektif moun kap travay ak teknoloji nouvo yo, travay endependan retire lwayote nan sistèm ki egziste yo, epi ki kapab demode. Jwenn relasyonjis nan enstisyon yo se kle pou aplikasyon pozitif e pratik nouvo teknoloji ka jwe nan entèvansyon imanitè.

Yon kote, kominote entèvansyon imanitè a dwe bati mekanis pou aprantisaj nan konsepsyon ak jesyon pwogram. Byenke gen anpil ti istwa sou efè yo, pa tèlman gen done ki egziste pou demonstre efikasite. Gen anpil bonjan pratik ki idantifye, men pratikman pa tèlman genyen ki sistematize. Konsepsyon pwojè dwe enkòpore aprantisaj ak pataj pi bon pratik ki genyen yo kòm yon antre ak yon rezulta.

Pwosesis sa a pou kreye nouvo fòm kolaborasyon ant kilti òganizasyonèl differan ap rapid e fasil. Men, gen anpil nan moun ki patisipe yo ki rekonèt pwomès ki genyen nan kalite kolaborasyon sa a, tout kote. Kesyon an se pa si pwosesis la ap pwogrese, men kouman lap fèt.

## **1. Developman ak kwoòdonasyon sektoral. Kominote moun kap fè Mizannaplikasyon yo rekonèt li konstitye yon chan pratik ki fenk ap parèt:**

- Kominote teknoliji a rekonè gen yon nesesite pou li lye travay li a kòd pou konduit imanitè, epi pou li konsevwa prensip jeneral yo dwe itilize pou misyon entèvensyon.
- Kominote a ap travay aktivman pou li fè fowòm pou kowòdinasyon, aprantisaj, ak pataj pi bon pratik yo. Fowòm CDAC ak Crisis Mappers yo se 2 egzanp.

## **2. Integrasyon teknoloji nan entèvansyon imanitè. Sektè developman medya ak kominote teknoloji enfòmasyon yo rekonèt valè rankont ak sektè imanitè a, men metòd yo rete ensèten:**

- Kominote teknoloji ak medya a rekonèt sekouris enfòmèl yo pote valè nan kriz yo, epi yo pap travay an kolaborasyon sèlman ak entitisyon imanitè fòmèl.
- Gen plis pledwari an favè kòz la, travay preparasyon ak egzèsis pratik ki dwe fèt ant medya ak moun kap devlope nouvo teknoloji yo e ajans imanitè yo (UN ak ONG entènasyonal yo) pou entegre medya imanitè a ak teknoloji nouvo yo nan entèvansyon nan kadijans nan lavni.

# 6

## Rekòmandasyon

Men rekòmandasyon byen presi ki genyen yo. Entansyon yo se pou souliye priyorate pou pwochen etap yo sektè pa sektè. Yon rekòmandasyon ki kouvri tout sektè yo se nesesite ki genyen pou plis pledwari pou bati baz konpreyansyon ant gouvènman, donatè, ak kominote imanitè yo, konsèna wòl ak nesesite pou kowòdinasyon nan medya ak efò kap fèt nan teknoloji yo.

### Pou tout

**A.** Tout mekanis diferan ki itilize pou kowòdone travay entèvansyon imanitè a dwe entegre edikasyon an kòmen sou preparasyon pou katastwòf, entèyakson pandan operasyon yo, epi jwenn finansman. Yo dwe ajoute ladan yo tou mezi pou ankourage kowòdinasyon medya loka ak sekouris nan kadijans.

**B.** Tout kominote ki patisipe nan entèvansyon imanitè, espesyalman novo patisipan nan sektè teknoloji a, dwe garanti yo etabli mekanis pou kowòdinasyon pou sektè pa yo, epi yap kominiye e kowòdone youn ak lòt.

**C.** Medya ak moun kap devlope teknoloji novo ak ajan imanitè (e Nasyonzini et ONG entènasyonal yo alafwa) dwe patisipe nan preparasyon ak egzèsis pratik pou entegre medya imanitè ak teknoloji novo nan entèvansyon nan kadijans nan lavni. Pwosesis sa a ap ede idantifye modèl sou kouman enstitisyon fòmèl yo ak efò òganize tèt yo sou plas aji youn ak lòt pandan entèvansyon imanitè.

**D.** Tout sektè yo dwe fè pi bon itilizasyon estratejik pou fowòm ki déjà egziste yo ak pou mekanis kowòdinasyon tankou CDAC, International Conference for Crisis Mapping (Konferans Entènasyonal pou Mapaj nan Moman Katastwòf), ak regwoupman imanitè sou titèl UNOCHA, pou garanti integrasyon teknoloji nan entèvansyon imanitè ki fèt yo. Yo dwe itilize fowòm sa yo pou teste novo modèl ak platfòm.

**E.** Praktisyen imanitè ak teknoloji yo dwe pwowaktif nan ankourage novo platfòm pwometan yo bay gouvènman, òganizasyon entènasyonal, ak antrepriz nan sektè prive a, pa egzanp kompayi telekomunikasyon yo. Antite sa yo dwe amelyore fòs enfrastrikti telekomunikasyon an, sistèm pou avètisman davans, epi preparasyon regilatè yo anvan kriz yo.

### Pou sektè teknoloji ak devlopman medya yo

**A.** Kominote devlopman medya a dwe bay restorasyon kapasite difizyon radyo lokal yo priyorate epi garanti yap bay medya a sipò pou yo ka reponn efektivman lè gen yon kriz. Piske gen nouvo platfòm ak teknoloji kap agrandi epi yo teste yo, yon moun pa dwe bliye radyo lokal toujou rete yon sous prensipal pou enfòmasyon pou yon trè gwo majorite nan popilasyon mondal la.

**B.** Teknològ ki patisipe nan operyasyon imanitè yo dwe garanti platfòm yo ak zouti yo entèfas ak medya lokal la epi yo enkòpore nan travay yo fè chak jou lè li apwopriye.

**C.** Kominote mapaj nan moman kriz la dwe devlope yon kad pou kolaborasyon ant volontè nan kominote teknik yo ak sistèm imanitè ki egziste a pou garanti koneksyon ki pi daplon ant inisyativ nan lavni ak operasyon modèn pou entèvansyon imanitè.

**D.** Pratisyen ki soti nan plizyè sektè nan kominote enfòmasyon imanitè a dwe patisipe nan yon estasyon prensipal pou rechèch pou pataje pi bon pratik yo.<sup>45</sup>

**E.** Sektè teknoloji ak devlopman medya dwe prepare pou yo patisipe ansanm ak yon seri sekouris imanitè, e fòmè e enfòmèl alafwa.

**F.** Sektè teknoloji ak devlopman medya a dwe devlope yon konpreyansyon sou novo achitekti sistèm imanitè a, an patikilye, regwoupman tematik (Pwoteksyon, Sante, Ebèjman) pou yo ka travay avèk li ak plis efikasite.

**G.** Pou sipòte lide pa yo, sektè teknoloji ak devlopman medya dwe devlope estrateji pou pledwari ak donatè bilateral ak miltilateral, gouvènman nasional, òganizasyon imanitè, medya a, ak sektè prive a, espesyalman kompayi telekomunikasyon yo.

**H.** Sekirite done yo dwe yon priyorate epi dwe gen teknoloji diferan ak moun kap fè mizannaplifikasyon medya ki teste modèl yo pou garanti done yo kolekte yo an sekirite epi yo pa mete moun ki voye enfòmasyon yo nan danje nan okenn faz pandan yon kriz.

<sup>45</sup> Gade: ICT4 Peace Foundation wiki, <http://wiki.ict4peace.org/w/page/17234280/FrontPage>.

**I.** Pratisyen nan komunikasyon imanitè yo dwe pran mezi pou amelyore kapasite pou jere pwogram yo epi rekonèt zouti puisan pou enfòmasyon yo kapab afebli yon sistèm mizannaplikasyon ki pa byen fèt.

**J.** Itilizasyon nimewotasyon abreje nan kriz imanitè dwe gen pwotokòl ki akonpaye li pou kreye kòd kout diferan pou mesaj ki antre ak mesaj ki soti.

**K.** Teknològ yo dwe konprann manda etabli ICRC kimbe deja pou jwenn moun ki manke epi pou reyini fanmi, fok yo ranfòse travay ICRC olye pou antrprann inisayativ ki paralè.

**L.** Sektè teknoloji ak devlopman medya a bezwen etabli mekanis pou kowòdinasyon pou evite repetisyon travay ak inisyativ ki nan konpetisyon. Sa dwe lye ak mekanis pou kowòdinasyon kominote imanitè a etabli pou garanti fètilizasyon resipwòk e pou evite repetisyon.

## Pou sektè imanitè a

**A.** Sektè imanitè a dwe rekònèt wòl vital enfòmasyon jwe nan nenpòt sitiyasyon kriz. Ansanm ak òganizasyon pou devlopman medya, kominote teknoloji fòmèl la ap prezan nan kriz imanitè pi plis toujou epi yo dwe konsidere li kòm yon patisipan enpòtan nan espas imanitè a.

**B.** Seksyon imanitè a dwe rekònèt nesesite popilasyon lokal yo genyen pou jwenn enfòmasyon nan moman kriz, mande pou kominote imanitè a fè plis pase voye mesaj deyò pa mwayen medya tradisyonèl ak SMS. Olye sa, dwe gen yon dyalòg ant kominote imanitè a ak popilasyon ki afekte a pa mwayen medya lokal la (e medya tradisyonèl e nouvo medya alafwa) pou kreye yon platfòm pou diskisyon.

**C.** Òganizayson imanitè yo dwe chèche opòtinitè angajman fòmèl e enfòmèl alafwa ak sektè teknoloji a pa mwayen International Conference on Crisis Mapping, ak Crisis Commons epi fasilitè patisipasyon teknològ yo nan planifikasyon imanitè kle ak tout fowòm pou règleman yo.

**D.** Òganizasyon imanitè dwe dedye resous pou òganize enfòmasyon ki disponib e itil an done desizyonèl, epi angaje pwofesyonèl nan teknoloji enfòmasyon pou idantifye kisa ki nesesè pou agrandi sistèm pou jesyon done yo.



## Pou gouvènman nasyonal ak donatè

**A.** Donatè yo dwe devlope mekanis pou finansman ki rapid ase pou reponn byen vit a nesesite pou enfòmasyon nan kadijans epi yo dwe fleksib ase pou satisfè nouvo opòtinitè ak nesesite ki soti nan zòn kriz yo.

**B.** Gouvènman ak òganizasyon donatè yo dwe rekònèt sistèm ki sipòte enfòmasyon bidireksyonèl pase ant sekouris yo ak popilasyon ki afekte yo se yon eleman esansyèl nan entèvansyon imanitè.

**C.** Donatè piblik ak prive yo dwe sipòte òganizasyon devlopman teknik ak medyatik ki itilize jesyon enfòmasyon imanitè ki alabaz travay yo.

**D.** Donatè yo dwe jwe yon wòl òganizatè nan fè avanse itilizasyon teknoloji enfòmasyon nan preparasyon ak entèvansyon imanitè.

# Kwonoloji

evennman yo ak efò sektè medya/teknoloji fè pou pote sekou apre tranblemanntè Ayiti a

**12 janvye 2010:** Yon tranblemanntè ki mezire 7.0 nan mayitid te frappe Ayiti. Gen anviwon 230.000 moun ki mouri epi plis pase yon milyon ki pat gen kay pou rete.

## 1ye Semèn

**13 janvye – 16 janvye 2010**

### Demaraj la

- Le 13 janvye, jou apre tranblemanntè Ayiti a, Komite pou Pilotaj nan CDAC a te fè yon reyinyon ijan pou etabli gwoup operasyon CDAC ann Ayiti.
- Pwogram radyo te limite nan Pòtoprens, men se li bay piò repòtaj local la.
- Tout kote nan peyi a, plizyè òganizasyon te chèche pi bon aplikasyon posib la pou teknoloji ayisyèn lan.
- Internews, ki te deja yon pwojè ann Ayiti, jwenn pésònèl lokal epi li deplwaye pésònèl entènasyonal. Pwogram imanité monte sou antèn yo epi yo te kòmanse transmision nan Pòtoprens.
- Nan premye avyon USAID kite debake nan peyi a, te gen ekipman an rezèv pou pwogram radio ansanm ak yon estasyon radio ambilan nan yon valiz.
- Fondasyon Thompson Reuters te lanse Sèvis Enfòmasyon Dijans (EIS), yon sistèm ki bay enfòmasyon pou sivivan yo e ki pran enfòmasyon nan men sivivan katastwòf la pa mwayen mesaj SMS.
- Biwo Nasyonzini pou Kowòdinasyon Zafè Imanità (OCHA) ede kowòdone manm CDAC yo nan nivo mondal epi li bay Internews responsabilite pou li kowòdone efò manm ki sou plas yo. OCHA te travay sou plas tou pou li bay sipò pou travay sa a.
- John Nesbit ki travay nan FrontlineSMS:Medic ak Katie Stanton ki travay nan Depatman Deta Ameriken te kontakte Digicel, yon konpayi telefòn pòtab ann Ayiti, ki ofri nimewotasyon abreje "4636" kòm yon sèvis gratis nan travay rechèch ak sovtaj la.
- Votentid te etabli koneksyon done ak Digicel, epi li te kolekte mesaj yo voye yo sou yon platfòm lojisylè yó te kreye kèk èdtan apre destrikson an.
- Eènji pou Opòtinite ak Invèsite Stanford mobilize yon kouran travay ki rekreite dèmilye volontè ki pale kreyòl pou tradui ak kategorize mesaj SMS yo, pandan yap trase ki kote moun ki voye mesaj la ye, pou mete l sou yon kat reperaj.
- Mesaj yo (ki triye koulleya ak yon tradiksyon epi tout kowòdone yo) transfere bay goup sekou ann Ayiti yo. Nan gwoup volontè ki pi aktif yo gen Union Haiti of Montreal, ki òganize ekip volontè ki pale kreyòl yo pou yo travay vennkat sou vennkat. Yo travay ansanm ak Service Employees International Union nan Etazini.

• Sistèm lan bati byen vit – li pran 48 èdtan sèlman pou planifye li epi lanse li – li reyini yon konbit lidè mondial nan teknoloji mobil, jesyon kontri, ak entèvansyon nan katastwòf. Moun yo te etabi yon achitekti ki daplon ki gen ladan ActiveXperts, Energy for Opportunity, The ExtraOrdinaries, FrontlineSMS:Medic, Google.org, MIT Media Lab, Sahana, Invèsite Stanford, Depatman Deta Ameriken, Ushahidi ak Votentid.

• Fondasyon Thompson Reuters kolekte epi li pwopaje enfòmasyon empòtan ansanm ak InSTEDD, ki patnè teknik li. Yo pibliye nimewotasyon abreje nan radio lokal, epi yo fè you gran pati nan popilasyon ayisyèn lan konnen sèvis la egziste.

• Nan dezoutwa jou, pwojè 4636 la te vin fè pati yon pi gwo travay pou entèvansyon. Elèv nan Fakilte Fletcher nan Invèsite Tufts òganize yo pou bay sipò teknik pou yon aplikasyon ki rele Ushahidi. Ushahidi lanse yon vèson pwojè sous ouvè li genyen an nan dezoutwa èdtan apre tranblemanntè a. Sa te pèmèt itilizatè yo jwenn ki kote nan peyi a enfòmasyon yo soti sou kat reperaj la.

• Sistèm Ushahidi pou moun rele nan telefon lan an plas le 13. Vè le 18 Ushahidi Ayiti te konekte dirèkteman ak fil enfòmasyon 4636 la. Marin Ameriken yo te kòmanse pran fil repètwa mesaj yo epi li te mete sou plas yon gwoup ki te pou siveye yo ak pou fè entèvansyon.

## 3yèm Semèn

**24 janvye – 30 janvye, 2010**

### Tounen yon sous fyab

• CrowdFlower bay platfòm mikwotravay li a pou fè sèvis tradiksyon. Pita, Samasource, ki patnè li depi lontan, vin jwenn li. Samasource se yon konpayi ki pa fè pwofit, ki bay fanm, jenn timoun ak refijye kap viv nan lamizè travay ki fèt nan kònpitè. Samasource fòme plis pase yon santèn travayè ann Ayiti epi li te siyen yon akò ak travayè ann Ayiti sèlman kèleke èdtan anvan tranbelmanntè a.

• Sèvis tradiksyon ann angle ann Ayiti soti nan Ushahid pou ale na CrowdFlower (27/28 janvye 2010).

• Pandan entèvansyon dijans lan kontinye, yon kantite òganizasyon kòmanse itilize kat reperaj ekstènalisasyon ouvè a pou planifye epi kowòdone travay kap fèt pou pote sekou a. Ladan yo te gen Lakwa Wouj, Plan International, Charity Water, Depatman Deta Ameriken, International Medical Corps, AIDC, USAID, FEMA, Gad Kòt Ameriken, Pwogram Mondyal pou Nitrisyon, SOUTHCOT, OFDA ak UNDP.

## 2yèm Semèn

**Dimanch, 17 janvye –**

**23 janvye 2010**

### Agrandi Etèvansyon an

- anm travay pote sekou an kòmen an vin rekonèt Ushahidi kòm yon resous endispansab epi li etabli kontak dirèk ak Ushahidi @ Tufts, ki pèmèt yon entèvansyon fèt nan lòd ak mesaj desizyonèl yo. Gad Kòt Ameriken reyini ansanm ak Marin yo antanke sekouris, pou amba Southern Command oswa Kòmannman Sid la.
- Internews deplwaye espesyalis nan medya ak teknisyen radio. Ekip sekouris yo kòmanse fè evalyasyon ki kalite enfòmasyon estasyon radio lokal yo bezwen.
- Ekip IMS ak AMARC yo rive, yo kòmanse fè evalyasyon enfòmasyon ak medya, epi yo ofri asistans pou journalis lokal yo.
- Le 21 janvye 2010, yo pote pwogram imanité "News You Can Use" ("Enfòmasyon nou dwe konnen") sou CD bay tout estasyon radio ki te kòmanse pase li sou antèn yo chak sèt minit.

## 4yèm Semèn

**31 janvye – 6 fevriye 2010**

### Preparasyon pou demenaje sèvis yo, pou baze yo ann Ayiti

• Microsoft Research kòmanse yon patenarya ak Misyon 4636 pou kreye teknoloji nan lang kreyòl-angle. Yo te dejà itilize mesaj ak tradiksyon yo pou ogmante egzaktitud sistèm tradiksyon otomatik Bing lan.

## 5yèm Semèn e apre sa

**Apati semèn 7 fevriye 2010**

### Deplasman pou Ayiti

- Sèvis Tradiksyon Ayisyèn lan kòmanse transfere sou Samasource (apati fen fevriye) epi tout nèt nan Samasource vè kòmansman avril.
- Inisyativ pou mapaj nan moman katastwòf ki fèt nan Ushahidi @ Tufts kòmanse transfere sèvis ann Ayiti tou. Li travay an patenarya ak Solutions, yon konpayi teknoloji lokal, ki devlope "Noula", yon sèvis pou repòtaj nan kadijans ki itilize yon nouvo nimewo, 177.